ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХЕКІЫПІЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№77 (21.235) ● 2008 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 22, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Уней псэуплІэхэми зэкІэлъыкІуэу куэд къахокІ

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и органым и Президиумым и зи ужу зэІуцІэр ирагъэкІуэлаш КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Федченко Людмилэ. Абы щыхэплъащ Іуэху зэмылІэужьыгъуэу 25-м нэсым.

ЛЭЖЬЫГЪЭМРЭ социальэ зыужьыныгъэмкІэ комитетым и унафэщым и къуэдзэ **Джэш Фатімэ**депутатхэм я пащхьэ къэрилъхьащ «КЪБ-эрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ кІуэнащагъэхэмкІэ и кодексым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» законым и проектыр. Документыр зэхэзыльхьахэм кьалытэ балигъ мыхъуахэм ящыщу илъэс 14 - 18 зи ныбжьхэр ягъэбелджыла кІэщакІо зэхъуэкІыныгъэ Іуэхум зыужьыгъуэхэр, ахъущэу щыкІуэ гуп щхьэхуэхэм папщІэ зэжьащІэ Іэнатіэхэм я кІэуэгъэхэм ятеухуауэ КЪБР-м и законодательствэм кІыгъэуэ бжыгъэхэмрэ зыхьабрэхэмрэ зыхуэфащэ Іуэхущапіэхэм езымыштхэр административнэ экуэпІм ешэлІапхъэу.

Экономикэ политикэмкІэ комитетым и унафэщым и къуэдзэ **Сэхъу Владимир** Президиумым хэтхэр кІыхьуриджащ «ПсэупІэ-коммуналнэ хозяйствем и Іэнатіэм фермэ щегъэжІыкІынымэ зыщІэгъэжьэнымкІэ фондым и Іуэхукіэ» Федеральнэ законым тету жьы, зэкІэлъымыкІуэ хьуа псэупІэу федеральнэахъшэкІэ зэрагъэзэщыжьнуэхэм я ныбжьыкІэ зэрыщІэр, Іахуэдэу щыщыткІэ, уней зэхэтым хэт фэтэрэ льапсэ щхьэхуэхэм ит унэрэ мы зэманым уней мылькуу, Арщхьэкіэ псэуралыр зыдэІэпыкъуну кІыхьахар фэтэр куэд хьу унэхэм щІэсхэрщ. Ауэ унэ льапсэхэмэ жьы дыдэ, зэкІэлъымыкІуэ хьуауэ куэд яхэтщ, абыхэм щыпсэу унагъуэхэмэ зэхуэмыдэу, псэупІэ къамыщэхуфыну, ямыщІыфыну яхэтыр мащІэкъым.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм яцІэн папщІэ

2008 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м Парламентым и Унэм щеКІэхІынущ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и органым и зи ужу зэІуцІэр.

ЗэІуцІэм щыщщІэзэнчэр сыхьэти 10-рщ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэ.

Къэрал Думэм и депутатхэм Іуащхьэмахуэ щхьэкІэ Іэ яІэт

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэщІащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ и комитетым щыщ депутат гуп. Аэрр щыІащ Іуащхьэмахуэ льапэм.

Европэм щынэхъ льагэ дыдэ Іуащхьэмахуэ щыгу дыкъуачэуэм аэрр димыхьэхыу къэнакъым. Насып Іуащхьэр «Урысейм и тельыджэу бльы» жьыхуІэ зэпеуэм зэрыхэтэр къыщыдэІэм, Къэрал Думэм и депутатхэм зэкъыдэгъэуу Іэ яІэтащ, я жьыр телефонхэмкІэ SMS - хьыбарыр ягъэхьри.

Фигу къэдгъэКІыжьынщи, иджыблагъэ хабзэхьуэмэхэм нэгъэщІщыпІэ щыІэхьыпІэ япэ зэІуцІэр Налшык къалэм щрагъэкІуэкІащ. А зэІуцІэм щытепсэльхьащ щыхуэхэр социальнэ страховани къызэрызэщІрагъэубыдэ щыкІэр реформэ щІыным екъэлІа Іуэхуитіуэхэм, апхуэдэуи 2020 гъэ пщІондэ социальнэ политикэм игъэутыну зыужьыныгъэм.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

● Щэбэт щыхьэху

Зей къыщыкІ дэкІыпІэр ягъэкъабзэ

Мэлыжьыхьым и 19-м республикэпсо щэбэт щыхьэху екІуэкІащ нэхъыжьхэм ядэІэпыкъуныем теухуауэ. Абы щІыхьэмин 120-м щІигъу хуэщІ икІи абыхэм ящыщ дэтхэнэми и махуэ лэжьапщІэр КЪБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм ягъэкІуэнущ зауэм хэтахэм, ныкъуадыкъуэ хэхъуХьаХэм, апхуэдэуи хэкІуэдахэм я фицабгъэм трагуэшэн щхьэкІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Амщокъуэ Фатімэ хьыбар кІыхьэрыдигъэщІамкІэ, а щІыхьэхэм кьыщалажьа сом мелуани 9-рэ мин 740-рэ дэІэпыкъуныгъэ яхуэтынну щытегъэ. Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ министерствэм, абы и район щІыналъэ управленэхэм я лэжьакІуэхэм а ахьшэр зылысыпхьэхэм накьыгъэм и 9-м и пэ кьиуэу Іэрагъэхьэнущ дэтхэнэми сом минитху хуэзэу (апхуэдэ щІыхьэхэр республикэм 1948-рэ щІохьэ).

Щэбэт щыхьэхум хэтахэщ республикэм и министерствэ, ведомствэ Іуэхущапіэ псоми я лэжьакІуэхэр. Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым и Администрацэм и лэжьакІуэхэм я къаукІэ Хьэсэней лъэмыжьыр зыхуэзэ щІыпІэм деж Налшык псыхъуэ щагъэкъэбзащ, ИтІанэ КЪБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ Къэжэр Альберт и жэрдэмкІэ зей къыщыкІ бгыщхуэм и дэкІыпІэр зыхуей хуагъэщащ, Налшыкыпсым абдежым щытелъ лъэмыжьлъабжьэм щыщэтрихьа пхъэнкІийр щІагъэкъэбзыкІащ.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Къару зэгуэт

Мэлыжьыхьым и 19-м ирагъэкІуэкІащ хабзэ хьуа щэбэт щыхьэхэр. Ар зыхуэгъэзащ республикэм и экологие, санитар-эпидемиологие щытыкІэр зэрэфІекІуэныкъуэ, апхуэдэуи нэхъыжьхэм ядэІэпыкъуныкІ.

А Іуэхум лъэныкъуэкІэ хущытакъым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэри, хабзэубзыху органым и аппаратым и лэжьакІуэхэри.

Зыхуей Іэмэпсымэхэр яІыгъыу ахэр пщэдджыжьым жьыуэ иужь ихьащ Налшык псыхъуэр гъэкъэбзэным, абы и Іагъуэблагъэ щІыпІэхэр зэІуэзэгъэ щІыным. Етыхэм ямыІэ нэхуэІэм хуэдэу псори лэжьащ икІи я къару зэгуэткІэ абыхэм зыхуей хуагъэзащ КЪБР-м и Парламентым егъэбыдыІа псы Іуфэ щІыпІэр.

Псоми гукъыдэж яІэт, я къалэр хьабзэу, дахэу щытыным я гуащІэ зэрыхьатхьэм, Іуэхуфым зэрыхэтым щхьэкІэ.

«Уэщыгуфы КІыкІ хъун Іуэхуугъуэщ псыхъуэр илъэс къэс нэхъ кьабзэ зэрыхьэр. Ар и щыхьэтщ ди щІыхэм жэуапІыныгъэр зыхэщІэ зэрыхъуам», - жаІэр парламентархэм. Апхуэдэу щытми, абыхэм пхъэнкІий, кІэрыхуфбжьэрыху куэд зэхуахьэсащ икІи пхъэнкІий идыпІэм ирагъэщащ. Русией Федерацэм и Къэрал Думэм кьикІа хьэщІэхэр - Русией Федерацэм я субъектхэм ядэІэпыкъуныгъэ зэрыщІэныкІэ къудамэм и унафэщІ Виноградовэ Наталье, а къудамэм и консультант Волковэ Тамарэ сымэ щэбэт щыхьэхум хэтхэм къащыхьхьам, ягъэщІэгъуащ ди къалэм и дахагъэмрэ и кьабзагъэмрэ.

Щэбэт щыхьэхум хэта псоми ар лэжьагъэу махуэ кьудей мыхъуу, атІэ махуэщхуэу кьалытащ.

Щыхьэхум хэтащ КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІ Бечелов Ильяс, абы и къуэдзэхэу Федченко Людмилэрэ Берд Хьэзрэталийрэ, Парламентым и Президиумым хэтхэр, КЪБР-м и Парламентым и Аппаратым и унафэщІ Текіуцэ Артур.

«Згъэусэу зэфІагъкІ лэжьыгъэм нэхърэ нэхъыфІу гупыр зэкъуэзыгъэувэ щыІэкъым, атІэми ар жьы кьабзэм уэзгъэгъэльэмэ, жаІэт щыхьэхум кърихьэлІахэм.

БАТЫРЛюбэ.

Теплъэщ Іэ ират

Щэбэт щыхьэхур зыхуей хуэзэу къыгъэзэпэщащэу щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кьалащхьэм. Пщэдджыжь дыгъэпсым лэжьыгъэм кьыхуигъэуща щІалэгъуалэмэ нэхъыжьыІуэхэми Іуэху куэд зэфІагъэкІащ.

Абыхэм ягъэкъэбзащ уэрамхэр, кьалэдэсхэми хьащІэхэмэ я зыгъэпсэхупІэ дахэхэр, псы Іуфэхэр. Налшык дэт Іуэхущапіэ псоми я лэжьакІуэхэм езыхэм я Іэгъуэблагъэхэр зэщІаькъуащ, жыг лъэдийхэм сэху ираташ.

Унэм щІэсхэри Іуэхуншэхуакъым щэбэт кІуам. Унэзэтетхэм щыпсэуэхэр зэгурыІуэурэ я пщІантІэхэр зыхуей хуагъэзащ, жыгыщІэхэмрэ удз гъагъэхэмрэ хасащ.

Налшык кьалэ администрацэм къыбгъэдэкІыу сом мин 20 хиТхьащ Хэку зауэшхэм хэкІуэдахэм я фондым, апхуэдэуи абы и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэу щэбэт щыхьэхум щыху 521-рэ хэлэжьыхьащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Ди Налшык кьалэ нэхъ кьабзэж мэхъу. Ар уэщыгуфыкІыи Іуэхукъэ?!

Сурэтыр **ЕЛКЪЭН Артур** *трихащ.*

Аруан

Сыт щыгъуи хуэдэу. Аруан куейм и жылагъэхэуэ жьыдэжэр хэтащ мэлыжьыхьым и 19-м екІуэкІа щэбэт щыхьэхум. Хэку зауэшхуэм хэтахэм, абыхэм кьащІэна фызабэхэм, унагъуэхэм мылтыкуКІэ зыщІагъэкъуэну я мураду кьыззрагъэпэща мы Іуэхугъуэ дахэм хэлэжьыхьащ куейм и Іуэхущапіэ куэдым я дэжьакІуэхэр, шкодхэм я еджакІуэхэр, сымаджэщхэм, нэгъуэщІ медицинэ Іэнатіэхэм я Іэщагъэлэжьэр.

ЩІыхЬэХУМ нэхъ пасэу пежьащ куейр. Тхьэмахуэ и пэ иту щІадзэри курыт школхэм я гъэсэн цІыкІухэм гъуэгу Іуфэхэр ягъэкъэбзащ, уэрамым тет жьыгъэм сэху тракІащ, губгъуэм илъ пхъэнкІийхэр зэщІакъуэурі ягъэсащ, хьупІэхэм ихьэІэщым зэран яхуэмыхьуп папщІэ. Апхуэдэу дэтхэнэ Іуэхущапіэми езым кьедза щІыпІэхэр зыхуей хуигъэщащ. Кьапщтэмэ, Аруан куейм сымаджэщым и хьуреягъыр ягъэкъэбзащ абы и лэжьакІуэхэм. Ар кьэзыхъуреихь гъущІ хъарыр ялащ, жыгхэм сэху тракІащ, удз гъагъэхэр, жыгыщІэхэр ягъэтІысащ.

Щэбэт щыхьэхум хэлэжьыхьащ къуажэдэсхэри. Псалъэм папщІэ, кьэхъунджэ цІыхухъуэр зэдзуэу кьхъэгъэкъабзэ щыІащ. Ижь-ижьыжь льэндэрэ ди льэпкъым кьыдекІуэкІ хабзэм тету, нэхъыжьхэр зи пашэ щІалэ ныбжьыщІэхэм екІуу а Іуэхур зэфІахащ. Абы я къыззэгъэпэщакІуэ хъуащ Кьэхъун кьуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Тамбий Амир. Абы зэрыжиІамкІэ, псапащІэ Іуэхум кьыщалэжьа ахъшэр зи ныбжь хэкІуэтахэмрэ хэуэныкъуэхэмрэ хуаутІыпщынущ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Бахъсэн

Республикэм щекІуэкІа щэбэт щыхьэхум жьыджэру хэтащ бахъсэндэсхэр: языныкъуэхэр я Іэнатіэм пэрытащ, адрейхэм кьалэр зэІуэзэпэщ ящащ.

НЭХЪЫБЭУ щІыхьэхум хэтащ егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ, медицинэм и лэжьакІуэхэм, кьуажэдэсхэми ахуэзфІкІ хащІыхьащ.

Бахъсэн кьалэ округым и администрацэм и Іуэхуэр зезыхьэ Зеущ Хьэмид кьыззэрыджИамкІэ, кьалэр гъэкъэбзэным, зэІуэпэщ щІыным, гъэдэхэным теухуауэ екІуэкІ мазитІ лэжьыгъэм хьыхьу куэд зэфІагъэкІащ. Псалъэм папщІэ, жыг 1600-рэ хасащ, пхъэнкІий идыпІэ 17-м нэблагъэ ягъэжьэбзащ. Зеущэм кьыззэрыпгъэщамкІэ, лэжьыгъэм адэжІи Іуэхущапіэ нущ, кьалэр нэхъри зэщІэкъуа, дахэ хъун папщІэ.

Мэлыжьыхьым и 19-м екІуэкІа республикэпсо щэбэт щыхьэхум кьалэдэс мин 17 хэтащ: школхэр, предприятэхэр, медицинэм и Іэнатіэхэр, хьэрыфэтыщІэ Іуэхущапіэхэр, нэгъуэщІхэри.

Бахъсэн кьалэм кьыбгъэдэкІыу кьыхэкІыну мэгуфэ сом мин 350-м нэблагъэ. Хабзэ зэрыхьуауэ, ар халъхьэнущ Хэку зауэшхуэм хэта нэхъыжьыфІхэмрэ фызабэу кьэнахэмрэ я счет щхьэхуэм.

УЭРДОКЪУУ Женя.

Лэскэн

Мэлыжьыхьым и 19-м екІуэкІа щэбэт щыхьэхум жьыджэру хэтащ (Лэскэн районым и щыху 1300-м щІигъу.

АБЫХЭМ ягъэсеижащ хуит ямыщІа пхъэнкІий идзыпІэхэр, псыхъуэхэр, губгъуэхэр, кьуажэ уэрамхэр ягъэхьэбзащ. А махуэм районым и кьуажэхэм щыхасащ жьыгыщІэ цІыкІухэр, удз гъагъэ зэхуэмыдэхэр.

ЕгъэджакІуэхэм, еджакІуэхэм ягъэкъэбзащ школхэм кьегъэщІыпІа щІынатІэхэр. Апхуэдэу зыхуей хуагъэзащ автобус кьэуыбІэпІэхэр, фэепІэ щІыпІэхэр, гъуэгубгъуэм Іут жьыгхэр яухъуэнщІащ, абыхэм я лъэдийхэм сэху ираташ.

Хэку зауэшхуэм хэтахэм, абы хэкІуэдахэм я щхьэгъусэхэм ядэІэпыкъун папщІэ кьызэрагъэпэща фондым Лэскэн районым кьыбгъэдэкІыу сом мини 250-рэ халъхьащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Прохладнэ

Прохладнэ куейм щекІуэкІа щэбэт щыхьэхум щыху куэд дыдэ хэтащ. Абыхэм ящыщу 1400-рэ хэтащ, уней Іуэхущапіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лэжьакІуэхэр.

КУЭДЫМ ягъэкъэбзащ пхъэнкІий идзыпІэхэр, уэрамхэр, жьыгхэр зыхуей хуагъэзащ. Щыхьэхэм кьрикІуаэхэр иІэхуэ ящыщ зэхалъхьажьащ.

Іуащхьэмахуэ

Іуащхьэмахуэ куейм и администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Азубэч Муіэед щыгъуазэ дыдэрэщІэкІ, абыхэм мурадышхуэхэр яІэщ: куэншыбІ идзыпІэхэр, псыхъуэхэр, мэз льапэхэр, зыгъэпсэхупІэ щІыпІэхэр гъэкъэбзэнымкІэ, уэрам уэздыгъэхэр я сэфэтым игъэуцІэжьыгъэ.

АБЫ ПАПЩІЭ, мазитІым кьриубыдэу (мэлыжьыхьымрэ накъыгъэмрэ) лэжьыгъэшхуэхэр, щэбэт щыхьэхуэхэр зэрырагъэкІуэкІыну щыкІэр яубыхуащ икІи мэлыжьыхьым и 19-м и пэ кьыхуэу зы ирагъэкІуэкІащ. Іуащхьэмахуэ куейм и унафэщІэхэм я мурадщ жыгыу минитІым нэс, удзу гектаритІым техуэ хасэну, уэрамхэмрэ зыгъэпсэхупІэ щІыпІэхэмрэ ягъэдэхэну. Гъатхэр пасэу кьэзыкІуам и фыгъэкІэ, я мурадхэм и ныкъуэр зрагъэхъуІащ.

Мэлыжьыхьым и 19-м екІуэкІа щэбэт щыхьэхуэм Іуащхьэмахуэ куейм щыхьэпжьыхьащ щыху мини 3-рэ ныкъуэрэ икІи сом мин 500 кьыхэхІащ. Хабзэм тету, аэрр щыху хуэмыщІахэм, зыкъэм хэтахэм, фызабэхэм зэхуэдэу трагуэшэнущ.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Уней псэуплІэхэми зэкІэлъыкІуэу куэд къахокІ

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и органым и Президиумым и зи ужу зэІуцІэр ирагъэкІуэлаш КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Федченко Людмилэ. Абы щыхэплъащ Іуэху зэмылІэужьыгъуэу 25-м нэсым.

ЛЭЖЬЫГЪЭМРЭ социальэ зыужьыныгъэмкІэ комитетым и унафэщым и къуэдзэ **Джэш Фатімэ**депутатхэм я пащхьэ къэрилъхьащ «КЪБ-эрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ кІуэнащагъэхэмкІэ и кодексым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» законым и проектыр. Документыр зэхэзыльхьахэм кьалытэ балигъ мыхъуахэм ящыщу илъэс 14 - 18 зи ныбжьхэр ягъэбелджыла кІэщакІо зэхъуэкІыныгъэ Іуэхум зыужьыгъуэхэр, апхуэдэу щыкІуэ гуп щхьэхуэхэм папщІэ зэжьащІэ Іэнатіэхэм я кІэуэгъэхэм ятеухуауэ КЪБР-м и законодательствэм кІыгъэуэ бжыгъэхэмрэ зыхьабрэхэмрэ зыхуэфащэ Іуэхущапіэхэм езымыштхэр административнэ экуэпІм ешэлІапхъэу.

Экономикэ политикэмкІэ комитетым и унафэщым и къуэдзэ **Сэхъу Владимир** Президиумым хэтхэр кІыхьуриджащ «ПсэупІэ-коммуналнэ хозяйствем и Іэнатіэм фермэ щегъэжІыкІынымэ зыщІэгъэжьэнымкІэ фондым и Іуэхукіэ» Федеральнэ законым тету жьы, зэкІэлъымыкІуэ хьуа псэупІэу федеральнэ ахъшэкІэ зэрагъэзэщыжьнуэхэм я ныбжьыкІэ зэрыщІэр, Іахуэдэу щыщыткІэ, уней зэхэтым хэт фэтэрэ льапсэ щхьэхуэхэм и унэ щІагъэтІысхьаэхэм уней мылькуу кьащтэжьаэр зэрыщІэр. Ахъуэдэу щыщыткІэ, уней зэхэтым хэт фэтэрэ льапсэ щхьэхуэхэм и унэрэ мы зэманым уней мылькуу. Арщхьэкіэ псэралыр зыдэІэпыкъуну кьыхахар фэтэр куэд хьу унэхэм щІэсхэрщ. Ауэ унэ льапсэхэми жьы дыдэ, зэкІэлъымыкІуэ хьуауэ куэд яхэтщ, абыхэм щыпсэу унагъуэхэмэ зэхуэмыдэу, псэупІэ къамыщэхуфыну, ямыщІыфыну яхэтыр мащІэкъым.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм яцІэн папщІэ

2008 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м Парламентым и Унэм щеКІэхІынущ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и органым и зи ужу зэІуцІэр.

ЗэІуцІэм щыщщІэзэнчэр сыхьэти 10-рщ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэ.

Адыгейм и Хасэм и Советым-Хасэм и унафэщІыр хах

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Къэрал Советым-Хасэм и 25-нэ зи мычэзу зэІуцІэу иджыблагъэ кеІуэкІам щыхахащ щыІэпІэ парламентым и унафэщІыр. Депутатхэм я зэхэсым зэхащащ Адыгейм и Президент Тхьэкіушынэ Аслъэнджэрийрэ Урысей Федерацэм и Президентым и лІыкІуэу Урысей Ипщэм щыІэм и аппаратым и федерал инспектор нэхъыщхьэу республикэм щылажьэ Пъэуж Іадэмрэ.***

«КЪЭРАЛ Советым-Хасэм и унафэщІу хахыну къагъэлъэгъуэа Сэпий Вячеславрэ Иванов Анатолийрэ я кандидатурэм ухэдэну гугъущ. АтІэми, мазиплІ пІалъэ дищІ ащ спикер кІуэлыкІуэр зыхуэфащэр кІыхэтхыну. Депутатхэр кІыхуэдожьэ политик Іущ, Іэщагъэлі хьарзынэ Иванов Анатолий щхьэкІэ Іэ яІэтыну», - щыжиІащ зэІуцІэм Тхьэкіушынэ Аслъэнджэрий.

Депутатхэм тІу Іэ яІэтыкІ хуей хъуащ. Ипэм, хахьи папщІэ, Иванов Анатолий зы хурикъуакъым. Депутат 49-м щыщщу 27-рэ дзэыІыгъар. Ауэ, Адыгейм и Парламентым и унафэщІыр хэхыныр нэгъуэщІ махуэ ямыгъэІэпэхъуэн щхьэкІэ, щыІэ хабзэм ипкъ иткІэ, депутатхэм етІуанэу Іэ яІэтыжащ. Иужьрейм щыгъуэ депутат 37-р Иванов и мэтІысхэ хъуащ.

Мэкъумэш Іэнатіэм зрагъэужь

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Осетие Ипщэм Іэщ гъэхъуэн Іэнатіэм зыщегъэужьын мурадкІэ, республикэм ІэщІэвэщІэу 50, мэзу 300 тыгъэ хуищынущ. Осетие Ипщэм и Президент Кокойты Эдуард Къэрэшей-Шэрджэсым гъэмыгъэ Іуэхум щыІэу абы теухуа зэгурыІуэныгъэ Черкесск щызэращІылащ.***

КЪЭРЭШЕЙ-Шэрджэсым мэкъумэш Іэнатіэмкіэ и министр Козаев Жамболэт зэрыжиІамкІэ, Іэщыщ ыхъэхэр Осетие Ипщэм и Тбет жылагъуэм щыпсэу фермер Гаглоев Шота иратынущ, ауэ ахэр министерствэм и нэІэ щІэту ягъэзэгъэнущ.

Абы нэмыщІкІэ, льпыкъэуитІыр зэгурыІуэщ етІанэгъэ щыщІэдзауэ Къэрэшей-Шэрджэсым и Іэщхэр Осетие Ипщэм и мэкъумэшыщІэхэм иращэн щІадзэну.

Заумысжыркъым

АБХЪАЗ. **Кхъухьлатэзехуэ зэрымыс кхъухьлатэ-тІасхьэщІэх Абхъазым иджыблагъэ къыщрадыхащ.**

РЕСПУБЛИКЭМ Зыхъумэжыныгъэмкіэ и министерствэм кьыззэритамкІэ, кхъухьлъатэ-тІасхьэщІэхэр Курджым ейщ икІи Абхъазым и щІыпІэхэм сурэт трихыну кьызэрагъэзащ. Ар метр миниХ хуэдизкІэ уэгум ити кьрадудыхащ и кьутахуэхэри тенджызым хэхуащ.

Кхъухьламкіэ Куржым зигъэкъуанэшэркъым икІи и кхъухьлатэхэр Абхъазым щхьэщыхьаеуэ зиумысыжыркъым.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Зыуэ щыт Урысей» партым и зэхуэсыщхуэм

2008 гъэм мэлыжьыхьым и 14 - 15 махуэхэм Москва и ХьэщІэщ щІантІэм щекІуэкІащ «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и ІХ съездым.

Съездым и лэжьыгъэм хэтащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимирр Урысей Федерацэм и Президенту хаха Медведев Дмитрийрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лІыкІуэу а съездым и зэжьыгъэм хэтахэщ: Къанокъуэ Арсен - КЪБР-м и Президентыр, Бечелов Ильяс - КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Іыр; Къэжэр Альберт - КЪБР-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщІыр, Залиханов Михаил - Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатыр, Лъхъуэу Хьэмзурид - Лъэскэн муниципальнэ районым и Гъпщэкъэр, Бесланэй Аслъэн - «Юэрэ» къэрал страховой компание ООО-м и къудамэу Налшык къалэм щыІэм и унафэщІыр, Къудалы Мухьэмэд - «Налшык хьэлэв завод» ОАО-м и унафэщІыр, Пархоменко Юлие - Прохладнэ къалэм и администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр, Мокаев Руслан - «Шэрэдж» ОАО-м и унафэщІыр, Іэнщ Заур - КЪБР-м и Парламентым ЩІэнхабзэмкІэ, спортымкІэ, туризмкІэ, щыгъуэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщІыр.

Съездым и зэхэсыгъэр зэрекІуэкІам, апхуэдэуи абы кьыщащта унафэхэм теухуауэ ди корреспондентыр зыщІэупщІахэм жэуап кьаретэ лІыкІуэхэм яхэта Жэрыкъуэ Борис - «Зыуэ щыт Урысей» партым и щІыналъэ политикэ советым и секретарым.

- Борис, иджы япэу съездым и лэжьыгъэр махуитКІэ екІуэкІащ. Ар сытым кьыхэхьа?

- КъыщыщІэдзэнщ ЩІыгъэхэм. ЛІыкІуэу щІыху 600-м щІигъу, хьэщІэхэу 1500-рэ зыхэта съездым и лэжьыгъэм урысей, ныгъэщІ къэрал журналистхэу 800-м щІигъур тетхьыхащ. Съездыр кьыхэІуахьным и пэ кьыхуэу «Стратегие - 2020» фІэщыгъэщІэ зиІэ форум екІуэкІащ. Абы и мурадт XXI лІэшІыкІ ныкъуэр зэпыщІ ящІэ форум екІуэкІащ. Абы и щІыналъэхэм я жэуап-хэр кьалыхьхьуэн щхьэкІэ обществэмрэ властымрэ я къарыкъэр зэкъуэгъэувэныр.

Урысейм и зыужьыныгъэм ехьэлІа Іуэхугъуэхэмкіэ секІуэ 8 лэжьащ партэкспертцентрхэм, щІэныгъэ-кхъэхтакІуэ, консалтинг гупхэмрэ институтхэмрэ, жыІагъэу организацхэм я лІыкІуэхэр, дунейпсо экспертхэр, аналитикэр, политик щІэрыІуэхэр, ехьэлІэныгъэ яІэу зи Іуэхугъэ зезыхьэ бизнесменхэр, СМИ-м и лІыкІуэхэр, щІихабзэмрэ щІэныгъэмрэ я лІыкІуэхэр хэту.

Щ Іыхуэхэм я псэуКІэм, демографие политикэм, инфраструктурэм зегъэужьыныгъэ технологие пэрытымрэ, налог хэхькІэ егъэфІэКІуэным, экономикэм щІэхуэдэхъхьэным, мы Іуэхугъэ кьаралым зэрыгъэзэгъ щІыкІхэхэр егъэфІэкІуэкІуэным ехьэлІауэ зэрыгъэпсэлъар, зэрызэчэнджащ иухащ партым, кьаралым, властым и къудамэ закончэр кьыдэзыгъэкІым я унафэщІхэм я пащхьэ кьалэн пыухыкІахэр ирагъэвэныжьмкІэ.

Абы кьыщынэмыщІауэ, «Стратегие - 2020» форумыр яубыхуэ Іуэхухэм зэхъуэкІыныгъэ щІыхьахьэ, зэпымыуэ лажьэ Іэнатіэу, партым и зи чэзу съездхэм япэ кьыхуэу илъэс къэс сесиехэр езыгъэкІуэкІыжьу щытынущ.

- Форумым и лэжьыгъэм кьрикІуа Іуэхугъуэхэу ищхьэмкІэ зи гугъу щытщІахэр съездым и унафэм кьыхэщауэ пІэр?

- Кьыхэщащ. «2020 гъэм ясыху Урысейм и социально-экономикэ Іуэхугъэ убзыхъынымкІэ икІи гъэзэщІэнымкІэ партым зэфІигъэкІын хуей кьалэнымэ и Іуэхукіэ» доклад нэхъыщхьэр ищІу кьэпсэльащ партым и Совет Нэхьыщхьэм и Унафэщ Грызлов Борис. Абы зэгъэзІуауэ жиІащ зэфІагъэкІын хуей кьалэнхэр зыхъуэжьр. Къэрал Думэм ІэнщІ гулытэ хэха зыхъущІыпхъэу кьыпытахэм ящыщ гуэрхэм.

Экономикэм щытепсэльхьым абы кьыгъэлъэгъуащ урысей экономикэр зэныкъуэкъу-зэпеуэ хэмылъу, ноор кьыздэсым монополистхэм я экономикэу кьыззэрынэжьр. НэгъэщІу жьыпІэмэ, монополистхэм кьаралыр лъэныкъуэ зыкъомкІэ ягъэбыдэми, зэрыщыту кьаралым и зыужьныгъэр гульэр ящІ.

Абы кьыщынэмыщІауи, экономикэм, щІыхум и зэфІэкІыр сэбэп нэхъ кьыпэкІуэу кьыгъэсэбэпыну хуэзфІэкІырэкъым, ІэщІагъэлІэкэр кьыщамыгъэсэбэп лэжьыгъэр егъэлеяуэ куэдщ, кьаралым щІэныгъэмрэ акъылымрэ иджырэ щІэупщІэ щІэкІэным икІи апхуэдэ щытыкІэм зэхъуэкІыныгъэ имыгъэтмэ, ди деж щызэхалъхьа технологиехэр димылъу, хамэхэм дахуэлажьэн хуей хъунущ. Абы кьыхэкІыи «Зыуэ щыт Урысей» партым Іуэхугъуэхэр зэфІигъэкІын хуей щІэупщІэ щІэкІэным икІи апхуэдэ щытыкІэм зэхъуэкІ

КъБР-м и Президентым и сайтым къагъэхьа упщIэхэм я жэуапхэр

Iэуэльауэр нэхъ мащIэ щIыным йолэжь

«Лермонтовым и уэрамым тетщ «Снежинкэ» муниципальнэ предприятэр - щыгъыныхэр щагъэкъабзэр, щажьыщIыр. А Iуэхущ1апIэр япэгъунэгъущ Республикэ сабий унэм, къалэ клиникэ сымаджэщым. А Iуэхущ1апIэм и Iэгъуэблагъэр фIейщ, жьыхуэхэм я макъым хъыбгэр егъэздакъыздж. Химием и Iэмалхэмкlэ щыгъыныхэр щагъэкъабзэ унэм пэгъунэгъу щыпсэу сабийщ дисфансер учетым щытщ аллергие зIэуэ.

Бичекуев Хь., *Налшык къалэ*

Жэуап ирет Налшык къалэм и администрацэм и Iэтащ1э

Хьэмгъоокъу Леонид:

- «СНЕЖИНКЭ» муниципальнэ предприятэр дунейм и щытыкIэм эзран хуэхъуу жиIэу Бичекуев Хь. зэрызыкъытхуигъэзам теухуауэ хьыбгар идогъащIэ «КъБР-м эпидемиологиемрэ къабзагъэмкIэ и центр» ФГУЗ-м и Iэщ1апIэхэм технологие. жьыхуу Iэмэпсымэхэм я Iэуэльауэкlэр зыхуэдизыр къызэрапщытамкIэ: Iэуэльауэм и инагъыр дБА 46-м нос, зэрыщытыр хуей дБА 40-м и пIэкIэ, псэупIэ унэхэм Iуэльауэм и инагъыу щызэхэпхын хуей дБА 55-м и пIэкIэ дБА 57-р щыIэщ.

«Снежинкэ» муниципальнэ предприятэм и унафэщIым хуагъуэващ Iуэльауэр нэхъ цIыкIу щIыным хуэгъэза Iуэхугъуэзэр эффихину. Мы эманым апхуэдэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкI.

Машинэ зезыгъакIуэхэм ягу кьагъэкIыжынущ автомобиль кIуэнцIым тутын щефэну хуит зэрамыщIыр

Къалэ кIуэцIым маршрут такъикъым ахэр зезыгъакIуэхэр тутын щемыфным фыкIэльыплъынущ сынывольэIу! Абыхэмкlэ сабийхэри щIыхубзхэри зэрыщекIуэр къэлыгэн хуейкъэ?

Куэшыкъуей И., *Налшык къалэ*

Жэуап ирет Налшык къалэм и администрацэм и Iэтащ1э

Хьэмгъоокъу Леонид:

- КЪАЛЭМ цIыхуэхэр къыщешэкIынырэ зи пщэм дэль предприятэхэм я унафащ1 псоми къалэм и администрацэм письмо яхунгъэхьащ1 гъуэгуанэм щытетым деж автобус цIыкIуэхэр зезыгъакIуэхэр автобус кIуэщIым тутын щефэ зэрымыхъунум теухуауэ шоферхэм ткIийуэ епсэльэну.

Хуабжкlэ кьыгъэгъэпэщыным хабзэ халъхьэну загъэхъзыр

«Ахъуэхъум и щIэр зезыхь уэрамым тет ди уз №133-р ягъуэ щытащ и унэр хуабжкIэ кьыгъэгъэпэщыи и лъэныкъуэкIэ Iуэхум ныкъуасыщхэр ихъэр хэлъу. Ильэн 6 хъуауэ ди лонсуэ, хуабжыхуэIэр зыхуэдмыщIу. Хуабжди зекIыжьыи, ауэ тепловоз Iуэхущ1апIэм зэблэу имыIэу квитащхэр кьыгъуеегъэхь, хуабэм и пщIэр тэщи хуейуэ».

Кривенцоев А., *Налшык къалэ*

Жэуап ирет Налшык къалэм и администрацэм и Iэтащ1э

Хьэмгъоокъу Леонид:

- АХЪУЭХЪУМ и щIэр зезыхь уэрамым тет псэупIэ унэ №133-р гъэлпIыныпмрэ а унэм и пщIантIэмрэ я щытыкIэр зыхуэдэм дыщыгъуазэщ икIи языныкъуэ IуэхугъуэхэмкIэ лэжьыгъэ гуэрхэри зэфIэзэгъэкIащ. ЖЭУ-5-м и къарукIэ унэм и зы щIыхьэпIэм псы хуабэр зэрыкIуэ бжьамийр щыгъэрахъуэкIащ. А лэжьыгъэм пащэнущ, 2008 гъэм псэупIэхэр сыт и лъэныкъуэкIи зэрыгъэразгъэпщыжыну планым хагъэхьащи. Мы Iуэхур зэфIэзыгъэжынур хэтми эпиеуэкIи кьыхахынур, зиг гъэплIыгъуэр зэриуэну лэжьыгъэм икIэщIыпIэкIэ щIадгъэнуп. Унэм и пщIантIэр зэIуэпэщ щIын и лъэныкъуэкIи зыгуэрхэр зэфIагъэкIащ; тетIысхьапIэхэр ягъуэщ, жыг хасащ.

Ахъуэхъум и уэрамымрэ Горькэм и уэрамымрэ я лъэныкъуэкIэ шлагбаумхэр ягъуэщ, пщIантIэм дыхь3 транспортыр нэхъ мащIэ хъун щхьэкIэ. ПщIантIэр бетонкIэ, гъущIкIэ кьэщIыщащ. Дунейр нэхъ хуабэ хъумэ, гъущI бжьыхыр бетонкIэ зэрахъуэжIащ. ПхъэнкIий зэхуэхьасыпIэр и гулуэ ящ1 унэм и пщIантIэм хнубыдэркъым. «Спецавтотранс» МУП-м щIыпIэ администрацэм и унафэкIэ кьалэн щащIащ пхъэнкIий идзыпIэм и Iуэхур зэкIэльыгъэкIуэну.

Унэр зыхуей хуэзэу гъэплIа зэрымыхъум кьыхэкIыу хуабэм и пщIэр гъэмощIэныр мазэ кьэс еубыкъу ЖЭУ №5-м, техникэ Iуэхутхьбэгъэм и пщIэу ирагъэтыр нэхъ мащIэ щIыным и хьэкIэ.

(КIэуэхьр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

ПсэупIэм и Iуэхур къэралым и пащхьэ кьит гугьуехь нэхъыщхьэхэм зэращыщыр икIи абы социальнэ мыхьэнэ хэха зэриIэр кьалъытэри, депутатхэм кьыхалъхьащ псэупIэм теухуа законодательствэм зэхъуэкIыныгъэ щхьэхуэхэр хэлъхьэным, Урысей Федерацэм и социальнэ псэупIэ политикэм и Концепцэр гъэхьэзырынымрэ кьэщтэнымрэ щIэгъэхуэбжьэным хуэгъэза документыр. Ар 2008 гъэм и гъатхэ къэгъэсэн хиубыдэу республикэм и Парламентыр зэлэжьыну Iуэхуэхэм хагъэхьащ.

КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым и кьуэдзэ **Атэлыкь Анатолий** кьыхилъхащ республикэм Кьэрал мылькур зекIуэным и министерствэм иритыжьын хуейуэ «Кьэббалъкьэнерго» ОАО-м тель дебитор щIыхуэм унафэ пыухыкIа тращIыхыну.

Абы иужькIэ депутатхэр хэплащ УФ-м и нэгьуэщI субъектхэм я парламентархэм законхэр кьыдэгъэкIыным и лъэныкъуэкIэ кьыхалъхьа жэрдэм зыбжанэм.

ЗаконодательствэмкIэ, кьэрал уухуэныгъэмкIэ, щIыпIэ самоуправленэм и Iуэхуэхэмкlэ комитетым и унафэщIым и кьуэдзэ **Гилиев Борис** кьыхихыльхэри, депутатхэр тепсэлъыхьащ «Урысей Федерацэм щIыпIэ самоуправленэ кьыщыгъэгъэпэщынымкIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Iэуэхуэ шоферхэм ткIийуэ епсэльэну.

Хуабжкlэ кьыгъэгъэпэщыным хабзэ халъхьэну загъэхъзыр

«Ахъуэхъум и щIэр зезыхь уэрамым тет ди уз №133-р ягъуэ щытащ и унэр хуабжкIэ кьыгъэгъэпэщыи и лъэныкъуэкIэ Iуэхум ныкъуасыщхэр ихъэр хэлъу. Ильэн 6 хъуауэ ди лонсуэ, хуабжыхуэIэр зыхуэдмыщIу. Хуабжди зекIыжьыи, ауэ тепловоз Iуэхущ1апIэм зэблэу имыIэу квитащхэр кьыгъуеегъэхь, хуабэм и пщIэр тэщи хуейуэ».

Кривенцоев А., *Налшык къалэ*

Жэуап ирет Налшык къалэм и администрацэм и Iэтащ1э

Хьэмгъоокъу Леонид:

- АХЪУЭХЪУМ и щIэр зезыхь уэрамым тет псэупIэ унэ №133-р гъэлпIыныпмрэ а унэм и пщIантIэмрэ я щытыкIэр зыхуэдэм дыщыгъуазэщ икIи языныкъуэ IуэхугъуэхэмкIэ лэжьыгъэ гуэрхэри зэфIэзэгъэкIащ. ЖЭУ-5-м и къарукIэ унэм и зы щIыхьэпIэм псы хуабэр зэрыкIуэ бжьамийр щыгъэрахъуэкIащ. А лэжьыгъэм пащэнущ, 2008 гъэм псэупIэхэр сыт и лъэныкъуэкIи зэрыгъэразгъэпщыжыну планым хагъэхьащи. Мы Iуэхур зэфIэзыгъэжынур хэтми эпиеуэкIи кьыхахынур, зиг гъэплIыгъуэр зэриуэну лэжьыгъэм икIэщIыпIэкIэ щIадгъэнуп. Унэм и пщIантIэр зэIуэпэщ щIын и лъэныкъуэкIи зыгуэрхэр зэфIагъэкIащ; тетIысхьапIэхэр ягъуэщ, жыг хасащ.

Ахъуэхъум и уэрамымрэ Горькэм и уэрамымрэ я лъэныкъуэкIэ шлагбаумхэр ягъуэщ, пщIантIэм дыхь3 транспортыр нэхъ мащIэ хъун щхьэкIэ. ПщIантIэр бетонкIэ, гъущIкIэ кьэщIыщащ. Дунейр нэхъ хуабэ хъумэ, гъущI бжьыхыр бетонкIэ зэрахъуэжIащ. ПхъэнкIий зэхуэхьасыпIэр и гулуэ ящ1 унэм и пщIантIэм хнубыдэркъым. «Спецавтотранс» МУП-м щIыпIэ администрацэм и унафэкIэ кьалэн щащIащ пхъэнкIий идзыпIэм и Iуэхур зэкIэльыгъэкIуэну.

Унэр зыхуей хуэзэу гъэплIа зэрымыхъум кьыхэкIыу хуабэм и пщIэр гъэмощIэныр мазэ кьэс еубыкъу ЖЭУ №5-м, техникэ Iуэхутхьбэгъэм и пщIэу ирагъэтыр нэхъ мащIэ щIыным и хьэкIэ.

Уней псэупIэхэми зэкIэлъымыкIуэ куэд къахокI

(КIэуэхьр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

ПсэупIэм и Iуэхур къэралым и пащхьэ кьит гугьуехь нэхъыщхьэхэм зэращыщыр икIи абы социальнэ мыхьэнэ хэха зэриIэр кьалъытэри, депутатхэм кьыхалъхьащ псэупIэм теухуа законодательствэм зэхъуэкIыныгъэ щхьэхуэхэр хэлъхьэным, Урысей Федерацэм и социальнэ псэупIэ политикэм и Концепцэр гъэхьэзырынымрэ кьэщтэнымрэ щIэгъэхуэбжьэным хуэгъэза документыр. Ар 2008 гъэм и гъатхэ къэгъэсэн хиубыдэу республикэм и Парламентыр зэлэжьыну Iуэхуэхэм хагъэхьащ.

КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым и кьуэдзэ **Атэлыкь Анатолий** кьыхилъхащ республикэм Кьэрал мылькур зекIуэным и министерствэм иритыжьын хуейуэ «Кьэббалъкьэнерго» ОАО-м тель дебитор щIыхуэм унафэ пыухыкIа тращIыхыну.

Абы иужькIэ депутатхэр хэплащ УФ-м и нэгьуэщI субъектхэм я парламентархэм законхэр кьыдэгъэкIыным и лъэныкъуэкIэ кьыхалъхьа жэрдэм зыбжанэм.

ЗаконодательствэмкIэ, кьэрал уухуэныгъэмкIэ, щIыпIэ самоуправленэм и Iуэхуэхэмкlэ комитетым и унафэщIым и кьуэдзэ **Гилиев Борис** кьыхихыльхэри, депутатхэр тепсэлъыхьащ «Урысей Федерацэм и щIыпIэ самоуправленэ кьыщыгъэгъэпэщынымкIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Iэуэхуэ шоферхэм ткIийуэ епсэльэну.

● Хуэ1ухуэщIэ

Бахъсэн Ипщэ дзэм щоIэзэ

Iуащхьэмахуэ куейм хьыхь Бахъсэн Ипщэ къуажэм къыщыIэзэIуахащ дзэ узым щеIэзэ медицинэ Iуэхущ1апIэ.

КъУАЖЭДЗСХЭР кIыхьу зыпэплъа мы Iуэхум мэлейуэ щыгуфIыкIащ, узым къыхихгъэзыхьэр Тырныауз нэс кIуэн хуей хъурти. КъызэIуаха медицинэ Iуэхущ1апIэр иджыпрей Iэмэпсымэхэмкlэ къызэгъэпэщащ, дзэм ехьэлIа дэтхэнэ зы узифэрэ зи Iащ1а гъэм фIыуэ хэзыщIыкI дохутырхэм зэман кIэщIым къриубыдэу яхуэгъэзэхъужынущ.

ЖАНХЬУЭТ Зуэз,
Iуащхьэмахуэ куей

«Зыуэ щыт Урысей» партым и зэхуэсыщхуэм

Налог политикэр хъун хуейщ щIагъужа уасэ льагэзиIэ, акъыл зрахьэлIа продукцэ кьыщIэгъэкIыным тезыгъэгушхуэ Iэмал. Иджыпсту йолэжьхэр франчайзингым зегъэужьыным, къэралым бгъэдэль технологиехэр хуиту къэгъэсэбэпыным, щIэныгъэлIым кьигупсысар абы и Iизынщэ язгъэужьыным кьимыгъэсэбэпыным теухуа законхэр зэхэлъхьэным.

ИкIэщIыпIэкIэ унафэ тещIыхьын хуейщ щIыналъэ зыужьыныгъэм и Iуэхухэм. Инфраструктурэ проектхэм я тегъэщIапIэу щытыпхэр щIыналъэхэм зегъэужьыныр. ПсэупIэ щауэхуэн щIыкIэ иджыпсту кьагъэсэбэп хьур Урысейм и щIыналъэм и зы процентым куэдкIэ щIимыгъуащ. ИкIи «ЩIкъж и унэ» парт проектым ипкъ иткIэ щIыналъэм а и Iыхьэ мащIэр нэхъабэ пщIы. Зыужьынущ, щIыни хуейщ. ЩIыхуэкIэр кьалэщхуэм Iэпхъуэныр хэгъэзыхь гуэрри щымыIэу йокIуэкI, ауэ ахэр зэи хуэмыдэу иджы Iэмал гуэрхэмкIэ тегъэгушхуэн хуейщ кьуэкIэр, кьалэ цIыкIуэр псэупIэ ящIынкI. ИкIи а кьалэныр зэфIэгъэкIын хуейщ езы щIыпIэхэм зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкIэ зыкъызэрагъэпэщыжьыф хъуным пыщIауэ.

Урысейр хъун хуейщ щIыпхэр хуейщ обществэмрэ экономикэмрэ зыхуей зэхъуэкIыныгъэхэр кьыщыхъунымкIэ укъэзымыгъэпщIэжьын щэсыпIэу икIи «Зыуэ щыт Урысейр» кьэралым и политикэ кьару инщ, а кьэралым фIэщIхуныгъэкIэ зиужьнымкIэ щэсыпIэу щыту.

«Партыр сыт щыпхуэ кьэнэн хуейщ лъэпкьпсо кьалэнхэр гъэзэщIа хьуным и тельхьэу. Хуей щыхьум деж Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм зрамыгъэхьужмэ, парт иным и нэщэнэу щыт ныкъусаныгъэхэм - аппаратым и мыкIуэмыгъэхьэ, зыхуагъэуувыжа мурадхэр зэгъэхьулIэныкIэ жыджэрагъ щымыIэным хуэдэхэм Iэмал имыIэу уаIуэуэнущ. Партым и убзыхукIэр егъэфIэкIуэныкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ кьалэн хъыщIыпIэ абы и Совет нэхъыщхьэм. Стратегие унэтIынныгъэхэр пхыгъэкIынырщ абы и кьалэн нэхъыщхьэр», - жиIащ Грызлов Борис и докладыр щиуухым.

- Борис, дызэрыщыгъуазэмкIэ, съездыр щекIуэкIыным партым и уставым зэхъуэкIынигъэхэр игъэтащ, сыт хуэдэ ахэр?

- Уэ узахуэщ! Съездыр кьыгъэIуахьныным и пэ кьихуэу партым и Бюро нэхъыщхьэмрэ и Генеральнэ советымрэ зэгъэусэу тепсэльыхьахэщ Уставым халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэмрэ дэщIыгъуныгъэхэмрэ. Ахэр зыхуэунэтIар партым и Унафэщ1ымрэ Совет нэхъыщхьэм и Унафэщ1ымрэ я кьулыкъыр зэщхьэщыгъэкIынымрщ, партым и Унафэщ1ым и кьулыкъур щхьэхуэ щIауэ абы хуэфащэ кьалэнхэмрэ хуитыныгъэхэмрэ етынырщ.

Кьащта зэгъэхуэхуэныныгъэхэм япкъ иткIэ партым и Унафэщ1ыр Iэмал имыIэу партым хэтын хуейуэ щыткьым. Ар партым и кьулыкъу нэхъыщхьэ дыдэм хах щIыхуэщ, партым и щIэкIэ ар яхуоэз, ядолажьэ Урысейм еIхэм я мызакъуэу, нэгъуэщI къэралхэм щыщ къэрал, къэрал Iуэхущ1апIэхэм щымыщ органхэмрэ организацэхэмрэ, жылагъуэ зэгуэхэныгъэхэм, щIыхуэхэм, юридическэ Iэнатlэхэм, щIихубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм икIи зуитныгъэшхуэхэр иIэщ езым и политикэ организацэм и гъунапкъэхэм къриубыдэу кадр политикэ иригъэкIуэкIын и лъэныкъуэкIи.

Съездым и япэ лэжьэгъуэ махуэм лIыкIуэхэм I я IэтащI Уставым зэхъуэкIыныгъэхэмрэ дэщIыгъуныгъэхэмрэ хэлъхьэным техуауэ. А мазэ дыдэм УставыщIэр Федеральнэ регистрацэ Iэнатlэм иригъэтхащ икIи къарру иригъэтащ.

ЕтIуанэ махуэм съездым зэкъыдолъагъуэ партым и Унафэщ1у Путин Владимир Владимир и къуэр хихащ, нахуэу Iэ яIэту.

Абы кьищIэмыщIауэ, зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ партым и Генеральнэ совет-ныгъэм и унафэщI Беппаев Суфьян и псалъэ гуапэхэм къыдэкIуэу, уэрэджьыкIуэ цIэрыIуэ эхэр Таук еновэ Галинэрэ Къырым Иринэрэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубзхэм я Парламентым и къыдэкIуэ къыщэрыфIащымкIэ КъШР-м и президентым и унафэм къеджащ.

Театрым и юбилейм папщIэ къехъуэхъуну кьэкIуа хьэщIэ хэр куэд дыдэ хъурт. Осе тие Ипхъэр-Алание, Адыгэ республикэм, нэгъэщI гъунэгъу щыIнаIъэхэм кьыкIаэм Музыкэ театрым и лэжьакIуэхэм я псалъэ гуапэхэр хужаIащ.

Пшыхьым кьэрихьэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ театрым и артистхэм. Абыхэм ягъэлъэ гъуащ спектаклхэм, балетхэм кьыхаха пычыгъуэхэр, оперэхэмрэ опереттэхэмрэ

Тут ЗауррэЕфэнды Джылахъстэнрэ.

Тхьэмахуэ кIуам хэIэтыкIауэ ягъэтъэпIащ КъБР-м и Музыкэ театрым и ныкьыр итлъэс 40 зэрыриткъуар. Абы теухуа пшыхьыр мэплъыкьыхьым и 17-м сыхьэтыр 19-м щIидзэу Музыкэ театрым и унэм щызэхэтащ. Ар ирагъэкIуэкIащ Мэз Джульетэрэ Къумыкъу Мухьэдинрэ.

Илъэс 40 гъуэгуанэм ироплъэж

● Щэнхабзэ

ЗIэущIэр кьыхэIуихащ ди республикэм щэнхабзэмрэ зэхъуэкIыныгъэхэм я Iэнатlэхэмкlэ и министр Тут Заур. Ар зи махуэр ягъэтъапIэ Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ емызэшыжхэмрэ кьыхэхуэсахэмрэ гуапэу ежьхъури, КъБР-м и Правительствэм и ЩIыхь тхыльхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ яритащ театрым и сурэтыщI нэхъыщхьэ Щхьэцэ Владимир, юрым и артист Урыс Iэмырбий, солистка Милессо (Морозова) Наталье сымэ. Ащхуэдэуи щIыхуэзыбжанэм хуагъэфэщащ министерствэм и Щ1ыхь тхыльыр.

АдэкIэ министрым утыкум кьригъэблагъащ театрыр кьыхэIуихьным зи кьару куэд хэзыпхъыуэ а Iуэхуэмкlэ фIыщIэхуэ зыбгъэдэль, илъэс куэдкIэ КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр кьулыкъым бгъэдэта, иджыпсту Налшык Адыгэ Хасэм и тхьэмадэЕфэнды Джылахъстэн. Ар кIэнэту тепсэлъыхьащ Музыкэ театрым и ныкьыр зыужьынымкIэ, а Iуэхуэмкlэ хуэмыдэ, и ехьулIэныгъэхэм, нобэ иIэ зэфIэкIым.

- Сэ хуабжьу срогушхуэ мы театрым, - жиIащ абы. - Си хуэхэсапIэ нэхъ ин дыдэу сиIахэм ящыщ зыр - Музыкэ театрыр кьыхэIуихьным - илъэс 40 и пэкIэ зэрызэзгъэхъужлIэфам ноби сринасыпыфIэщ.

КъыкIэлъыкIуэу гуфIэгъуэ пшыхьым кьыщыпсэльахэу Кьэбардей-Балъкъэр и Парламентым и депутат Джэш ФатIимэ, Тешай лэжьакIуэм я союзым и тхьэмадэ Къумахуэ Мухьэдин, Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщI Дау Марианнэ сымэ я псалъэр щIагъэбыдащ зи ныкIуэ Iуэхущ1апIэхэм кьабгъэдэкI Щ1ыхь тхыльхэмкIэ, театрым и лэжьакIуэ зыбжанэ зэрагъэлъэпIамкIэ. «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Беппаев Суфьян и псалъэ гуапэхэм къыдэкIуэу, уэрэджьыкIуэ цIэрыIуэ Таук еновэ Галинэрэ Къырым Иринэрэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубзхэр зэрыщIащымкIэ КъШР-м и Парламентым и депутат Джэш ФатIимэ, Тешай лэжьакIуэм я союзым и тхьэмадэ Къумахуэ Мухьэдин, Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщI Дау Марианнэ сымэ я псалъэр щIагъэбыдащ зи ныкIуэ Iуэхущ1апIэхэм кьабгъэдэкI Щ1ыхь тхыльхэмкIэ, театрым и лэжьакIуэ зыбжанэ зэрагъэлъэпIамкIэ. «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр пхыгъэкIынырщ абы и кьалэн нэхъыщхьэр», - жиIащ Грызлов Борис и докладыр щиуухым.

- Борис, дызэрыщыгъуазэмкIэ, съездыр щекIуэкIыным партым и уставым зэхъуэкIынигъэхэр игъэтащ, сыт хуэдэ ахэр?

- Уэ узахуэщ! Съездыр кьыгъэIуахьныным и пэ кьихуэу партым и Бюро нэхъыщхьэмрэ и Генеральнэ советымрэ зэгъэусэу тепсэлъыхьахэщ Уставым халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэмрэ дэщIыгъуныгъэхэмрэ. Ахэр зыхуэунэтIар партым и Унафэщ1ымрэ Совет нэхъыщхьэм и Унафэщ1ымрэ я кьулыкъыр зэщхьэщыгъэкIынымрщ, партым и Унафэщ1ым и кьулыкъур щхьэхуэ щIауэ абы хуэфащэ кьалэнхэмрэ хуитыныгъэхэмрэ етынырщ.

Кьащта зэгъэхуэхуэныныгъэхэм япкъ иткIэ партым и Унафэщ1ыр Iэмал имыIэу партым хэтын хуейуэ щыткьым. Ар партым и кьулыкъу нэхъыщхьэ дыдэм хах щIыхуэщ, партым и щIэкIэ ар яхуоэз, ядолажьэ Урысейм еIхэм я мызакъуэу, нэгъуэщI къэралхэм щыщ къэрал, къэрал Iуэхущ1апIэхэм щымыщ органхэмрэ организацэхэмрэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ, щIыхуэхэмрэ, юридическэ Iэнатlэхэмрэ икIи хуитыныгъэшхуэхэр иIэщ езым и политикэ организацэм и гъунапкъэхэм къриубыдэу кадр политикэ иригъэкIуэкIын и лъэныкъуэкIи.

Съездым и япэ лэжьэгъуэ махуэм лIыкIуэхэм I я IэтащI Уставым зэхъуэкIыныгъэхэмрэ дэщIыгъуныгъэхэмрэ хэлъхьэным зэхъуэкIыну Iэ яIэтащ1э.

Абы кьищIэмыщIауэ, зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ партым и Генеральнэ совет-

ЩІыуэпсым и макъ

● Нобэ Щым и дунейпсо махуэщ

Нэхъыщхьэм йогупсыс

Мы махуэм и къызэгъэпэщакІуэу ябжыр Стерлинг Мортон Джонш. КъызэралытэмкІи, а гукъэкІ щхьэпэр абы кьыхилъхьауэ щытащ XIX лІэщІыгъуэм и 40 гъэхэм ИкІи ар щыпсэуа США-м и Небраскэ штатым илъэс кьэс жыг, къэкІыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр щыхасэну уиафэ щащІат. Апхуэдэ ахэрдэмыр штатым щыпсэухэм ящыдгьэпсыгьуи, махуэм щыІым къыриубыдуэ зы мелуаным щыгІуэ жыг хасат.

1882 ГЪЭМ мэлыжьыхьым и 22-р зэрыуаеу щытащ Жыгым и махуэу икІи, унафэ яубыхуахэм ящхьэ иткІэ, илъэс кьэс ар ягъэлапІэнут. ИлъэщІым нэблагъэкІэ апхуэдэуи щытащ, ауэ 1970 гъэм Жыгым и махуэр Щым и махуэу зэрахъуэжьащ, къэрал куэдым Іуэхур къызэдащтэри.

А махуэм къэралыгъуэхэм гъэлъагъуэныгъэхэр, щІыуэпсыр хъумэным теухуа лекцэхэр щрагъэкІуэкІ, абы къыщынэмыщІа щІыпІэ хэхахэр хъумэным щІыхьэм ахъшэ хуэхэадзэ, машинэхэр щызекІуэ гъуэгуэхэр зэхъащІри, уэрамхэр ягъэкьабзэ, удэхэмрэ жыгхэмрэ хасэ.

А Іуэху щхьэпэм Урысейри хыхьауэ щытащ 1995 гъэм икІи абы лъандэрэ ди дежи щагъэлъапІэр. Къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм я щІыхуэр уэрамым кьытоувэри, я Іэхэр зэрыубыдурэ, "псэ зыІут кІапсэ кІыхьышхуэ" къызэрогъэхуу. КъызэралытэмкІи, ар "ЩІыуэпсым дыпызыщІэ нужь дыдэ гуГъэ". Пэжщ, апхуэдэ махуэшхуэхэр щызэхэтыр илъэсипщІым зэщ, ауэ гъэ кІэщ мэлыжьыхьым и 22-р зыми ящыгъупщэркъым, зэрыжьІагъуи, уэрамхэр ягъэкъабзэ, кІэрыху-бжьэрыхуэхэр къызэщІащІыпэри, куэншыб идзыпІэхэм яшэ. Апхуэдэу псоми ягу кьинэжащ 2000 гъэм Щым и махуэр зэрыларагъэкІуэкІар. Ар зэрыларагъуэу 169-м щагъэлъапІэуэ щытащ, ІуэхуцІапі э мини 4-м щІигъу хэлэжьыхьат, щІыху зы мелардым я гущІэ ирахьэІат.

Урысейм и щІыуэпсым нэхъ лъапІэ, тельыджэ, дахэ дунейм темыту жаІэ. Ар пэжщ. Дунейм мэзу тетым и процент 75-р здэщыІэр аращ, щІыдагъэ, псы, дыщэ, щым кьыщІах нэгъуэщІ къуеигъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІи дыбейщ.

Ди гугъэщ илъэс кьэс мэлыжьыхьым и 22-м къызэрагъэпэщ Іуэхугъуэхэр щІыуэпсыр хъумэным сэбэп хуэхъуну, ди щІыхуэмэ ар хабзэфІу кьахуэнэну, щІэблэм и пащэдейм егупсысхэм я мурадыфІхэр кьайхьулІэну.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

● Ди псэлъэгъуэхэр

Шынагъуэшхуэ щымыІэми...

Борыкъ уей Тимур

Дуней псом и щІыуэпсыр хьуэныжьхьэ, къэхутэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр езыгъэкІуэкІ щІэныгъэлІхэм зэдыжаІэ: ди щхьэщыгум ит хьэуар "элемент хьэлъэхэмкІэ", фреонхэмкІэ, нэгъуэщІ куэдхэмкІи куащ, абы дунейм псэущхьэу тетыр машІэ-машІэуэрэ иукІынущ! Зыми щэч кьытрихьэркьым абы: уэшх кьешхьыр зэрыгъуабжам кьегъэлъагъуэ псори. Ар зы щапхьэ закъуэщ.

АтІэ, ди республикэм и Іуэхур дауэ щыт абы и лъэныкъуэкІэ? Ди зыужьныгъэм сыт хуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хихьэрэ атмосферэм?

А уэшхэхэм я жэуапхэр къэзгъэлъэгъуэ, ди зыхуэдгъэзащ химие щІэныгъэхэм я докт ор, КъБКъУм и химие къудамэм и профессор Борыкъуей Тимур.

- Тимур, нобэкІэ ди хьэуам и зэхэлъыкІэм, и щытыкІэм укьытхутепсэлъыхьамэ, ди гупэт.

- Псом зэпэрауэ, кьыхэгъэщыпхъэщ зы Іуэхугъуэ - хьэуар щынагъуэу зыуфІей заводэкр куэд щІауэ диІэжкьым. АбыкІэ гукъеуэ щымыІэжу жьыпІэмэ, ущыуэнукьым. ЕтІу анэрауэ, дуней псом хьэуар нэхъ зыуфІейуэ щыІэр гъэсныпхъэхэращ. Машинэхэр зэрылажьэхэращ зи гугъу сщІыр. Дауи, КъБР-ми щыІэ апха нькьуасныгъэхэр. Гъэсныпхъэхэм пкьыгъуэ зэмылІэужьыгъуэ куэд хэльщ. Псалъэм папщІэ, нэхъ щынагъуэ дыдэхэм ящыщ бдзамцІэр. Гъэзугбгъуэм удз нэхъыбэу хэсэн щыхуэхуэрий - машинэм кьрихуІугъуэм хэль бдзам. ЦІэр абыхъэм зыщІашэри, цыхум и Іэпкьлъэпкьым нэсыр нэхъ мащІэ ящІ. Зэрыгурыіуэгъуэщи, бдзамцІэм узыфэ куэд кьыхокІ, узынщагъэм ирих фэбжьыр хьэлъэщ икІи гъэхъужьыгъуейщ.

Ди гугъэ зэрыхъунщи, адрей кьэралхэмрэ щына-лъэхэмрэ ельытагъ, дыщыпсэу щІыпІэм хьэуам и щытыкІэм теухуауэ гукъеуэщхуэ щІэжькьым. Псалъэм папщІэ, Москва, хьэуар икьуклІ щІихьэлъэщ, урибауэфыркъым, ар тхьэмбылым кьохьэлъэхІ. Дэ ди дежкІэ апхуэдэ дыдэкьым. Пэжщ, Налшык кьалэ машинэ куэд зэрыдэтым кьыхэкІыу, хьэуар щынэхъ фІейщ, псалъэм папщІэ, кьуажэхэм ельытауэ. Ауэ, укІэльыпІлъыжмэ, жьы кьыхэрепщэм, щхьуантІагъэр дыІэрибэм кьыхэкІыу, хьэуар "зигъэкъбззжьыфынущ". НэгъуэщІу жьыпІэмэ, химие элемент куэдкІэ гъэнщІауэ кьалэм кьыщхьэщыт хьэуар жьым хоэзрыхьыж. Аращ адрей кьэралхэм, кьалэхэм уафэм драутІыпщхьеІ ІуГъуэм и гъуэгуанэри - дыкьэзыухъуреихь хьэуам зэхуэдэу хоэзрыхь. Иджы, уеплъмэ, кьыбгуроІуэ - хьэуам дыІэрегауэр машІэ дыдэми, абы хэль элементхэр зыкІи нэхъ мащІэ хъунукьым. Сыт щхьэкІэ жьыпІэмэ, дыІэрыбгаеу хьэуар зыщи, нэгъуэщІ щыпІэ кьыщыхаутІыпщхьа Іугъуэ фІейр ди дежи кьэсынущ. Псоми ящІэж кьыщІэкІынщ: илъэс зыбжанэкІэ узэІэбэжьмэ, ди дежкІэ уэшх гъуэжь кьыІэрыщеш-хам псори дригуэвват, зищысыр кьытхуэмыщІэу. Ауэ, кьыІэрыщІэкІамкІэ, фІыуэ тпэжьыжьэ щыпІэ гуэрым тпэхуэм зыкьыщІэтри, уафэм дэкІуеяти, ар ди дежи нэс жьым кьихьри, уэшхыпсым щыгъуэ кьыще хьыжауэ арат. СыэрригутъэмкІэ, мыр щапхьэфІ дыдэщ зи гугъу сщІа псори кьыбгурыІуэн папщІэ.

- Ар гурыІуэгъуэщ, ауэ машинэхэр зэрылажьэ гъэсныпхъэхэр сыткІэ зэпхьуэкІ хьуну хьэуар апхуэдэу имыуфІеин папщІэ? ХэкІыпІэ щымыІэу ара?

- Щыіэщ хэкІыпІэ. Псалъэм папщІэ, троллейбус-хэр кьалэм нэхъыбэу кьыдгъэзыуэн хуейуэ аращ. Налшык кьалэ зыгъэпсэхупІэ щыпІэу ябж. Япэхэм паркымкІэ у зышэ гъуэгуэхэм троллейбусхэм фІэкІ ямыгъакІуэу щытащ, щыІэуэпсыр нэхъ яхьумэн папщІэ. Иджыпсту апхуэдэ хабзэ щыІэжькьым, кьапщтэмэ, сыт хуэдэ машинэ лІэужьыгъуэри паркым ихьэфынуІ! Абы кІэльыпльын щымыІэу ара?! Ар япэрауэ. ЕтІуанэрауэ, жыг, удз зэмылІэужьыгъуэхэр куэду зэдыхэсэн хуейщ. ЗэрыжьысІащи, абыхэм ІуГъуэ зэранхэр нэхъ яубыд. ИтІанэ, цыхуу щыпсэу унэхэр, сабий садхэр, еджапІэхэр машинэщІ щызекІуэ гъуэгуэм фІыуэ пэжьижьу щытын хуейщ. Апхуэдэхэмрэ гъуэгумрэ я зэхуакум зи гугъу сщІа удзхэр дэтмэ, нэхъыфІыжщ. Щыгъэгъэпэщынущ экологие клубхэр, мэзхэр, псыр, щІыпІэ хэхахэр зэрахъэжу щІыкІэм щыхурагъадж кружокхэр.

● Зэпеуэхэр

"Псэу, ЩІы!"

КЪЫРГЪЫЗЫМ экологиемкІэ и республикэ центрым къызэригъэпэщащ "Псэу, ЩІы!" фІэщыгъэр зиІэ зэпеуэр икІи абы хэтынущ курыт еджапІэхэм щІэсхэр.

Мы Іуэху щхьэпэр хуэунэтІащ щыІэуэпсыр хъумэным, абы и щэнхабзэрджыным сабийхэр кьыхуедджэным. Абы къыщынэмыщІа, Къыргызыстан кьызыкІэ хигъэхъуащ. ЕпщІанэ классым щІэс Анастасие зыхуегъэхьэзыр кьыкІэлъыкІуэ Урысейпсо эпеуэм.

Пщащэ цІыкІУр ильэсиплІ хьауэ экологие-биологие центрым и гъэсэнщ. ГъэщІэгъэнракъэ, пщІэнпэу Іуащхьэмахуэ лъапэ кІуэн папщІэ, а кружокым зыхриІэтхауэ арат, ауэ иужькІэ экологием дихьэхьпІэри, Канказ щІыналъэм и щытыкІэр идж хьауад. Ар абы мыІейуэ кьызэрехьулІэм и щыхьэтщ Анастасие и Іуэхутэныгъэхэр куэд мыщІэу "Тхылъ плъыжьым" зэрыратхэнур.



КІэнхъ цІыкІури, удз гъэгъахэри, хьэуари, щІыри, псыри ди гущІэгъу хуэныкъуэщ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Кіэрыхубжьэрыхуэхэр

Я сэбэпи я зэрани

ХХ лІэщІыгъуэм дунейпсо щІэныгъэм нкъукІэ зричауэ щытащ. Абы и Іуэхьым щыщщ иджыпсту псоми хуабжьу къздгъэсэбэп пластмассэм къыхэщІыкІа Іэмэпсымэжэмрэ целлофанхэмрэ. Абы-хэм ди Іуэхур тщагъэпсыщІэ, къэбгъэсэбэпыну тынщщ, щІыпІэ хуэд яубыдыркьым, зэрыжаІэмкІи, фІагъыщхуэ хэтщщ.

ЯРЭБИ, пэжу пІэрэ ар?

Зэпэфщэч. Пластмассэр дэни кьыщыдогъэсэбэп: уэздыгъэхэр, унэгъащІэхэр, техникэ пкьыгъуэхэр, абдж зэмылІэужьыгъуэхэр, Іэмэпсымэхэр, сабийхэр зэрыджэгу хьэпшыпхэр, нэгъуэщІ куэди кьыхащІыкІ. Пластмассэхэр медицинэми, техникэми, космонавтикэми, нэгъуэщІ куэдми кьыщагъэсэбэп. Ди нэгу кьыпхущІэгъыхьэркъым ахэр щыдимыІа зэманыр.

Я тепльэкІэ пластмассэхэр тхьэбыи и щытыкІэм кьыщыщІэдзауэ, къуитхьэм хуэдэу быдэу щыІэщ. Цыхум и гъащІэм апхуэдизкІэ хэпщІащ ахэри, кІуэ пэтми нэхъыбэу кьыдагъэкІ.

Ауэ куэдым ящІэу пІэрэ пластмассэм кьыхэщІыкІа стэчаныкмкІэ зэ псы уефамэ, етІуанэу кьэбгъэсэбэпыныр кьызэремызэгъыр - ар гьнщ. Апхуэдэ тепщэчхэри гуахьуэхэри аращ. Кьэнэжьыр хьифІдзэныщ. АтІэ апхуэдизкІэ кІэрыху-бжьэрыхур дэнэ кІуэрэ? Щым кьыхонэ... илъэсищэкІэ. Аращи, зы пластмассэ стэчаныр зэпкъырыхуу, щым щыщ хьужьным илъэсищэ ехь. Зэпымыууэ пластмассэхэкІэ Іэр ящІмэ, ахэмкІэ щыр ткудэмэ, дапщэщ а псом кІэ щиІэнур?!

Дауи, хэкІыпІэ иІэщ мы Іуэхуми - ахэр етІуанэу къэгъэсэбэпыныкьрыщ. Абы къинкІыркъым си гугъу тщІа стэчан зыІыхьам иджыри щэ-плІэ псы урефэну. АтІэ, пластмассэр зэрызыхэть пкьыгъуэхэм етІуанэу елъэкьныкьрыщ. Апхуэдэ щыкІэкІэ цІыхур зыхуэныкьуэ Іэмэпсымэ куэд ящІ иджыпсту. Псалъэм папщІэ, КъБКъУм и химие факультетым и къэхутакІуэхэр, егъэджакІуэхэр, студентхэр хуабжьу ялъэкьыхь зи гугъу тщІы Іуэху щхьэпэм. Ди гуапэ зэрыхьунущи, ди къэралым елъытагъ, зэнэкІ зэпытщ, щхьэкІэ ар кьару закъуэкІэ я мурадхэм пэпъэщкьым.

Зи гугъу тщІы Іуэхухэм пэщІэтын папщІэ, США-м щащІу щІадзащ крахмалрэ целлюлозэрэ куэду зыхэхь пластмассэ хьэпшыпхэр. Абыхэм я кІэрыхубжьэрыхуэхэр щым нэхъ псынщІэу щыІэзэкІроху.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди республикэм апхуэдэ лъэныгъэ щрагъэкІуэкІыркъым. Кьапщтэмэ, дэнэкІэ умыбжькуами, лъакьуэм кьыфІэнэ целлофанхэмрэ пластмассэхэкІхэмрэ зэхуахьэсу кьалэ гунэм щагъэсынм Іуэхушхуэ пылъкьым, ауэ куэнщыбкэм хуэгъэпса, ар зэрагъэс Іэмалхэр кьыщагъэсэбэп Іуэхущапі э щыІэм хуейщ. Зи щыІэм ящІ и щытыкІэр кьызыфІэІуэжу, зыгъэ-тпаПІэ кьэралыгъуэхэм араш кьыщкІэуэкІыр.

ДЫГУЛЫБГЪУ Нагъуэ.

● Ди псэлъэгъуэхэр

Шынагъуэшхуэ щымыІэми...

Борыкъ уей Тимур

ЩІыуэщ псом нэхърэ нэхъыбІу иджыри зы хэкІыпІэ, ауэ ар икьуклэ лъапІэщ. Зи гугъу сщІыр машинэр зэрылажьэ гъэсныпхъэхэр спирткІэ зэхъуэкІынырщ. Апхуэдэ Іэмалыр кьыщагъэсэбэп Бразилием икІи икьуклІэ сабэщщ. Ауэ, плъагъурэ, абыхэм фочышгъу тростникхэр куэду яІэщи, спирт кьыхащІыкІ. Дэ апхуэдэ программэм дытехьэн папщІэ, Іуэхугъуэ куэдыщІэ едгъэкІуэкІын хуейщ икІи ар кьэралым и экономикэм кьехьэлъэкІынущ.

- Тимур, гъэсныпхъэхэм нэмыщІ, щІыхум и узынщагъэмкІэ сыт нэхъ щынагъуэу щыІэр ди республикэм?

- Псори дригуфІэу гъуэгуфІкэр тхуащІащ блэкІа ильэситІым кьриубыдэу. Ар хьарзынэщ. Ауэ а асфальт пщтырым щыхум и узынщагъэм зэрегуауэм зыгуэр егупсысауэ пІэрэ?! Пэжщ, ар абыхэм я лэжьыгъэщ, республикэм зиужьын папщІэ Іуэхушхуэхэр зэфІагъэкІ. Асфальтым кьыхиху гъуэз щынагъуэхэр жьэдамышэн, абыкІэ мыбэуэн папщІэ щыІэн хуейщ нэкІум Іуалъхьэ зэрыбауэ Іэмэпсымэхэр. Сэси щхьэкІэ зэи сльэгъуакьым апхуэдэ Іэмэпсымэ кьэзыгъэсэбэп лэжьакІуэ. Ар езыхэм ямыщІэрэ, зи гугъу сщІы Іэмэпсымэхэр кьезытын хуей Іуэхущапі э-хэр димыІэрэ кьызгурыІуэкьым. Апхуэдэу зэранышхуэ пылъщ куэншыбхэр гъэсныпм. Кіэрых у-бжьэрыхуэхэр зэхуэпхьэсу щыІэ зэІухам щыбгъэсыныр делагъэщ.

- СыткІэ щынагъуэ зи гугъу пщщы асфальт пщтырыр?

- Асфальтыр зэрызыхэльыр "уелводород" жьхуэтІэращ, ар щыдагъэм кьыхащыкІ. ИпэІуэкІэ зи гугъу сщІа элемент хьэльэхэр йобжкІ. Апхуэдэу асфальтым хэльщ гранити. Иджы углеводородрэ граниткІэ зыхэль асфальтым, дауи, сабэ кьыхеху. А сабэм хэль гранит кьутахуэ щыкІу дыдэхэр лъэныкъуэ псомкІи упэпцІам хуэдэщ. Щыхьэм а сабэр жьэдишэмэ, гранитым тхьэмбылыр зэхауІыхь. Аращи, ар сыт хуэдэ узыфэми и тІысыпІэ хьунущ. Уэ шынагъуэ дыдэщ абы кьыхэкІыр.

- Республикэм и заводхэр щылажьэу щыта зэманымрэ нобэрэ зэхуэбгъадэмэ, сыт и лъэныкъуэкІэ хьэуам и щытыкІэм зихьэжауэ кьыпщыхьурэ?

- КъБР-м и щІыуэпсым зэран хуэхьун, хьэуам Іугъуэ фІей хэвыутІыпщхьэн завод димыІэжми, абы кьикІыркъым дыщІэну-зэвэн щымыІэжу. Псори нэрылъагъуу. Ауэ, пэжщ, ящхэм нэхъэр кьудкІэ нэхъ мащІэ хьуащ хьэуар зэрыдуІэпІыр. Заводхэм кьагъэсэбэпу щытащ Іугъуэр зэрагъэкьабзэ фильтрхэр. Дауи, абыхэм ар кьабзэ фІыуэ щыІэрт экьым. Ди гуапэ зэрыхьунщи, иджыпсту щыІэщ фильтрыфІ эзымылІэужьыгъуэхэр. Ахэр икъуклІэ сабэщщ. Иджы КъБР-м и заводхэмрэ фабрикэхэмрэ кьызэрагъэпэщыжу щытмэ, щыІэщхьэ зэреныгуэуэн ІэмалыфІхэр щыІэщ. Псом нэхъапэр щІыуэпсыр хьумэныр зи кьалэн Іуэхущапі эхэм я лэжьыгъэр нэсу ягъэззэщІыныр, мардэ убзыхуам ирихьи иту фильтрхэр зэрахъуэкІыным кІэльыпльынырщ.

Епсэльар
ТАМБИЙ Дадушэщ.

● Экологием и хъыбарыщІэхэр

"Гринписыр" щыуа?

ИДЖЫБЛАГЪЭ "Гринписым" хьыбар игъэІуащ Смоленскэ псыр щІыдагъэхэкІхэмкІэ уфІеяуэ, километри 3 зи инагъ бжьыгъэм абы зытриубГыауэ. КъэщащІэныгъэ ирагъэкІуэкІахэм кьагъэІэлъэгъуащ ар зэрыпщІыр. Іуэхум и пэжыгъэращ: Смоленскэ псыр зэкІуалІэ Васильевскэ хьгІыгум щІыдагъэм щелэжь Іуэхущапі э зыбжанэ тещІ. Мис абыхэм я лэжьыгъэм кьыхэкІа кІэрыху-бжьэрыху гуэрхэр псым хилъэса хьуат, ауэ икІэщІыпІэкІэ ахэр кьыхихьжащ "Пилрана" кхьухьым икІи "километри 3 хьу бжьыгъэм" и хьыбарыр "Гринписым" кьыздрихар щІэркъым.

Азербайджаным къипщытащ зэрыкъулейр

АЗЕРБАЙДЖАНЫМ щІыуэпсымкІэ и министерствэм и унафэщІ Багиров Гусейн пресс-конференцым зэрыщыжиІамкІэ, абы щрагъэкІуэкІ щІыуэпсыр хьумэным ехьэлІа Іуэхугъуэщхуэхэр. Азербайджаным и президентым и унафэм ипкъ иткІа, а щІыналъэр зэрыкъулей ятІэ вулканхэр зэрахъумэну проектэр яубзыхуащ икІи абыхэм щыщу 52-р я нэІэ нэхъ зытрагъэт щІыпІэхэм хагъэхьащ. Апхуэдэ щІыпІэхэр Азербайджаным и щІыналъэм и проценти 9-м нос.

● Іуэхущапі эхэр

ДиІэр тхъумэн мурадкІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыуэпсыр телъыджэщ. Дэ дыкъэухъурейхь къурш хуэкьэми, псы зэрэми, бгы лъагэхэми, хьэкІэкъуэкІэ гъэщІэгъуэнэми, удз хущхъуэ зэмылІэужьыгъуэхэми. Дунейм и щытыкІэр щабзэщ, щыхуэхэр нэфІэгуфІэщ. А псори километр зэбгъуэзнатІэ мин 12,5 йозагъэ.

Дыкъэзыухъурейхь дунейр, щІыуэпсыр хъумэн хуейкъэ, ди мэзхэм щІэс хьэкІэкъуэкІэхэр, абы къыщыкІ удзхэр «Тхылъ плъыжьым» къимыхутэн папщІэ?!

АПХУЭДЭ къалэн хьэлъэр и пщэ дэлъу дахэу 2005 гъэм и накъыгъэ маздм къуэнэхуащ КъБР-м Дыкъэзыухъурейхь дунейр хьумэныкмкІэ и министерствэр. А Іуэхущапі эр кьудамэ зыбжанэ мэхъу. Псалъэм папщІэ, щынагъуэнщІуэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэпыным хуэгъэпса кьудамэм хеубыдэ псы-хэмрэ мэзхэмрэ ехьэлІауэ ирагъэкІуэкІ Іуэхугъуэщхэр, экологие экспертизэр. Апхуэдэу а кьудамэм и нэІэ тетщ КъБР-м и фэеплъ щІыпІэхэмрэ, нэхъ хъумапхъэ кьалъытэхэмрэ. Апхуэдэ щІыпІэхэм щым кьыщІах кьулеигъэхэр щыкуэдми, министерствэм щхьэт тхьилъ кьуимытауэ, ущІэзбэ хъунукьым. НобэкІэ министерствэм ехьэмэ апхуэдэ щІыпІэхэу 73 хуэдиз.

Псым и Іуэху щІэзэрахуэ кьудамэм ахэр кьэгъэсэбэпыныкІэ хуит щащІ. Апэхэм республикэм и псы ежьэхэм бдзэжьей зыбжанэ мэхъу. Псалъэм папщІэ, щынагъуэнщІуэ щІыуэпсыр кьэгъэсэбэпыным хуэгъэпса кьудамэм хеубыдэ псы-хэмрэ мэзхэмрэ ехьэлІауэ ирагъэкІуэкІ Іуэхугъуэщхэр, экологие экспертизэр. Апхуэдэу а кьудамэм и нэІэ тетщ КъБР-м и фэеплъ щІыпІэхэмрэ, нэхъ хъумапхъэ кьалъытэхэмрэ. Апхуэдэ щІыпІэхэм щым кьыщІах кьулеигъэхэр щыкуэдми, министерствэм щхьэт тхьилъ кьуимытауэ, ущІэзбэ хъунукьым. НобэкІэ министерствэм ехьэмэ апхуэдэ щІыпІэхэу 73 хуэдиз.

Псым и Іуэху щІэзэрахуэ кьудамэм ахэр кьэгъэсэбэпыныкІэ хуит щащІ. Апэхэм республикэм и псы ежьэхэм бдзэжьей зыбжанэ мэхъу. Псалъэм папщІэ, щынагъуэнщІуэ щІыуэпсыр кьэгъэсэбэпыным хуэгъэпса кьудамэм хеубыдэ псы-хэмрэ мэзхэмрэ ехьэлІауэ ирагъэкІуэкІ Іуэхугъуэщхэр, экологие экспертизэр. Апхуэдэу а кьудамэм и нэІэ тетщ КъБР-м и фэеплъ щІыпІэхэмрэ, нэхъ хъумапхъэ кьалъытэхэмрэ. Апхуэдэ щІыпІэхэм щым кьыщІах кьулеигъэхэр щыкуэдми, министерствэм щхьэт тхьилъ кьуимытауэ, ущІэзбэ хъунукьым. НобэкІэ министерствэм ехьэмэ апхуэдэ щІыпІэхэу 73 хуэдиз.

КъБР-м Дыкъэзыухъурейхь дунейр хьумэныкмкІэ и министерствэм хэтщ экологиемкІэ экспертизэ ынэтІныгъэ. Абы и кьалэн нэхъыщхьэ-р - яуухэнухэмрэ я щІэныщІуэ зэтрагъэзэрыскьыжнухэмрэ я щІэныщІуэ зэпщытэныгъэ. Сыт хуэдэ промышленнэ ухуэныгъэщІэмэ хэтыпхъэщ псы, Іугъуэ фІейхэр зэрагъэкьабзэ Іэмэпсымэхэр. Апхуэдэ Іуэхухэм я нэІэ тетщ кьудамэм и унафэщІем, абы и кьуэдзэмрэ кьэрал инспектору 11-рэ. Абыхэм я псалъэм елъытагъ яухуэну хуит ящыныкр. ЩІыуэпсыр хьумэныкмкІэ щыІэ хабзэхэм ебзкъуэхэр щхьэм абыхэм тезырышхуэ тралъхьэ, ар зыпшыныну, хабзэм тетыну хуэмейхэм я Іуэхур хеящІэм (судым) деж нагъэс. Апхуэдэу ирагъэкІуэкІа кІэльыпліпльнІэхэм кьагъэлъэгъуащ кІэрыхубжьэрыхуэхэр зыхуей Іуэгъэзэрыхьэм, псы кьагъэсэбэпар ягъэкъабзэзжьыным и лъэныкъуэкІэ хабзэкъутэхэр нэхъыбэу зыхьрычъыщІэхэм кьаззэрыскІэ.

Дыкъэзыухъурейхь дунейр хьумэныкмкІэ республикэм и министерствэм ныкъуасныгъэшхуэу хуэмыгъэкІуэдыр куэншыб идзыпІэ дэнэ дежи зэрыщащІыщІ. Мы зэманым республикэм куэншыб идзыпІэу 309-рэ щыІэ, ауэ абыхэм ящыщу щІыпІэ щхьэхуэ хухахауэ, ахэр кьыІэзрагъэпэщыныкІэ хуит зыщІ тхьилъ зиІэр 141-рауэ. Адрей 168-р щхьэзыфІэфІыгъэкІэ кьэунэхуэуэ арат. Дауи, министерствэр зэрыхуэзфІэкІкІэ апхуэдэ хабзэншагъэм пэщІэтщ.

Нобэ махуэр кьапщтэмэ, Налшык кьалэ и щІыпІэ къыздэщІэ щыІэщ. Абы ипкъ иткІэ республикэм кьыщызэрагъэпэщынущ кІэрыху-бжьэрыхуэм, куэншыбым щелэжь, ахэр щагъэс завод щІыкІуэхэр. КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен кьыхилъхьауэ, республикэм и сыт хуэдэ щІыпІэмэ жыгхэмрэ удзхэмрэ куэду щыхасэнущ. Министерствэм и лэжьакІуэхэм я фІэщ жьыбгъэ щыкІэкІэ ди хэкум и щІыуэпсыр хъума зэрыхьунур.

КъБР-м Дыкъэзыухъурейхь дунейр хьумэныкмкІэ и министерствэм и зы нэгъуэщІ лэжьыгъэщ Іуэху щхьэхуэ къыззІуэзых хэзыгъэхьэзырыр мэкъумэщым пыщІахэмрэ щыІэзэрыгъэщІ щыгъэзыгъуэзэныр.

2008 гъэм и щІыпІэ маздм ирагъэкІуэда щхьэпэтныгъэм къызэригъэлъэгъуамкІэ, хабзэм ебэкъуауэ щыху мини 4-м нэблагъэм етхьэкъуащ. Абыхэм япшына тезырыр сом мелуан 16-м нос.

БЕСЛЪЭНЕЙ Жансэт.

НапэкІуэщІыр зыгъэхьэзырар КЪАНЫКЪУЭ Анфисэщ.

● Фщіэуэ пІэрэ?

Дыгъэм и гуащІэр

Дыгъэр зэпымыууэ къаугъэзэныкь, планетэхэм, абыхэм къадекІуэкІ спутникхэм, ЩІым щыІэ гъащІэр зэпытар а «гъуэжь щыкІуащ». нэхури хабзэри къызыбгъэдэкІыр аращ.

ЦІыхУми быным е и щІасэм и гуапэ ищІыну хуейкьмэ, «Си дыгъэ» жреІэ. Дауи, дыгъэм цІыхум и гукъыдэжыр кьеІэт, нэжэгужэ ещІ, и бзий хуабэхэмкІэ Іэ кьыбдилъэ хуэдэу уи щхьэщыгум кьиувамэ, кьыбдэгуфІэу кьыпщоХу. Ауэ дегупсысу пІэрэ апхуэдизу фІыуэ тльаГу дыгъэм и зэран кьызэрыдэкІми?!

ЩІэныгъэлІхэм кьызэрахутамкІэ, цІыху кьэс и Іэпкьлъэпкьым лъыхъэ зыщІ итщ. Ар кьызэщІэхьееным щхьэусыгъуэ хуэхъур Іэпкьлъэпкьым пщтыру кьылъэІэсращ. Псалъэм папщІэ, цІыхум псы пщтырИЭ зигъэпскІыеримэ е дыгъэм куэдрэ хэльу щытмэ, Іэмал имыІэу лъыхъ узыр кьэхьеинущ икІи псынщІэ дыдэр Іэпкьлъэпкьым зриубгъэнущ.

ЦІыхум и щІыфэр хуэныкъуэщ витамин D. А витаминыр дыгъэ бзийхэращ зыхэлъыр. Зэрыгурыіуэгъуэщи, дыгъэ зегъэнУ хуейщ, ауэ махуэм кьриубыдэу дакьикьипщІ нэхъыбэ мыхъуу. А хабзэм ебэкъуахэм ягъэунэхуащ ар зищІысыр - щІыфэр дыгъэм ес, псыбыб мэхъу. Абы дежи кьышІыувыІэркьым, щІыфэ лъыхъ уз щынагъуэр кьохьеІ. Псом хуэмыдзу ар хуэлъэщ зи щІыфэм анэл куэд тетым.

ЩІыпІэм кьыгридзэ дыгъэ бзийр икъуклІэ гуащІэщ икІи озоныр щымыІатэмэ, щІыгум зы цІыхуи, къэкІыгъи, псэущхьи къэмынэу трисыкІынут. Ауэ, зэрыщІэщи, абы дыкъэзыгъэл щыІэщ. Абы щхьэкІэ къэмынэу, гъэмахуэм апхуэдизкІэ дыгъэм мэхэр кьеГъэпльри, мафІэсышхуэхэр кьохьу. Псоми дощІэж нэгъабэ Алыджым (Грециеи) щыІа мафІэсыр. Абы щыГуэ мэз гектар куэд кІуэдащ дыгъэм и гуа щІагъым и зэранкІэ. Апхуэдэ щапхьэхэр мащІэкъым. Ебы мафІэсым нэхърэ нэхъ щынагъуэжщ кьыкІэлъыкІуэр - Іугъуэм, Іэгъуэблагъэм кьыщымынэу, щІыпІэ жьжьэкІэ зеЖбГъу, абы цІыхуэр мыбауэфу егъэмэх, щитхьэли кьохьу.

ЦІыхуэм гу лъатащ гъэ кьэс гъэмахуэр кІуэ пэтми нэхъ хуабэ зэрыхьэм. Дохутырхэм зэпымыууэ жаІэ дыгъэм куэдрэ дыхэт зэрымыкъунур. Абыхэм едаІуи кьэзыфІэмыІуэхуу дэгу зызыщІи щыІэщ. Тэмэмыр - хэзыщІыкІхэм жаІэм едэІуэныщ.

КъэхутакІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, дыгъэр кІуэ пэтми щІым нэхъ гъунэгу кьыхуохьу, ауэ абы апхуэдизу мыхьэнэщхуэ иІэкъым. Сыту жаІэмэ, илъэс мелард бжьыгъэ куэд иІэщ ар щІым гъунэгъу дыдэ кьыхуэхъуным. ЦІыхур абы нэсыху и зэфІэкІымрэ и гъащІэмрэ зэрыхъуныр зыщІэр хэт?! А зэманыр кьэсмэ жаІэжьну пІэрэ гьафІэныщІэу «Си дыгъэ»?

ЮЛЯЙ Іофанэ.

● Тепльэгъуэхэр

Мыпхуэдэ тепльэгъуэхэм Налшыкы, республикэм и нэгъуэщІ щІыпІэхэри зрагъэдахьэркьым.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Футбол



Гуфlэгъуэ кlэщl

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Спартак» (Мэскуу) - 1:2 (1:1). Налшык. «Спартак» стадион. Мэлыжьыхьым и 19-м, Щыхуэ 13700-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Безбородов (Санкт-Петербург), Еровенко (Краснодар), Лебедев (Санкт-Петербург).

«Спартак-Налшык»: Радич, Джудович, Кисенков, Ятченкэ, Амисулашвили, Мэшыкьуэ, Джатэрыв (Рикарду, 75), Дзыхьмыщl (Самсонов, 70), Гогуа, Сирадзе, Кьэжэр (Бикмаев, 60).

«Спартак»: Плетикосэ, Паршивлюк, Ниранек, Штранцль, Фати, Баженов, Моцарт, Сабитов (Динеев, 64), Павленкэ (Прудников, 90), Майданэ (Филиппенкэ, 78), Веллитон.

Топхэр дагьэкlащ: Джатэрывэм, 39 (1:0). Майданэ, 42 (1:1). Веллитон, 59 (1:2).

Дагьуэ хуащlащ Плетикосэ, Сабитовым, Джудович, Гогуа, Баженовым, Майданэ, Мэшыкьуэм.

Тхьэмахуэ и пэкlэ Мэскуу щыlэу ЦСКА-м зэрытекlуам ди футболистхэми, топджэгум дихьэххэми я гукъыдэжыр хуабжьу кьиlэтат. «Спартак» стадионым кьекlуэлlа щыху мин пщыкlуплlым нэблагъэр щlэхьэпсыгъ я командэм и текlуныгъэ аргуэру яльагъуну.

Командхэр псынщlэ дыдэу джэгуу ирагъэжьащ зэlущlэр. Нэрылъагъут лъэныкъуитlри кьызэримыкlуэтынур. Апхуэдэу кьигъэувырт турнир таблицэм щаlыгъ увыпlэхэмрэ мыгъэрей зэхьэзэхуэр зэрыщlадза щыкlэмрэ. «Спартак-Налшык» нужьрей джэгуныгъэр Налшык щригъэхьэхуат, мэзкуудэсхэм зы текlуныгъэ фlэкlа яlэтэкъым.

Пэщlэдзэ зэныкъуэкъум налшыкдэсхэр нэхъ кьыхэжаныкlыу хуежьащ. Икlи Хорватием и командэ кьыхжамрэ Мэскуу и «Спартакымрэ» я гъуащхьэтет Плетикосэ и Іэзагъ лъагэр мыгувэу кьигъэлъэгъуэн хуей хьуащ, Кьэжэрыр щхьэкlэ зэуа топым кьригъэгъэзэн папщlэ. Кьыкlэлъыкlуэу Сирадзе бжьигъэр кьызэlухьну зы мащlэ дыдэщ иlэжар.

Дауэ щыти, «Спартак-Налшыкым» япэу и кlэн кьикlащ. Ди командэм хэту кьихьа адыгипlым зыыхэз Джатэрывэр апхуэдизу лъэщу икlи Іэзэу топым еуати, хьэщlэхэм я гъуащхьэтым кьригъэгъэзэфынкlэ Іэмал иlэтэкъым. Арати, премьер-лигэм и апэ топыр щыдигъэкlри, мы гъэм кьыхэжаныкlа адрей и лъэпкъгъуэру М эшыкьуэм, Дзыхьмыщlым, Кьэжэрым бжьабэм гъусэ захунщlащ. Псальэм кьыдэкlуэу жьытlэнщи, мыгъэрей зэпеуэм «Спартак-Налшыкым» щыдигъэкlа топитхум щыщу плlыр зейр адыгэ щlалэхэрщ.

Арщхьэкlэ «Спартак» стадионым кьрихьэлlалхэм я гуфlэгъуэр кlэщl дыдэт. Мэзкуудэсхэм псынщlэ дыдэу зрачащ икlи ди гъуэм пэмыжыжьэу зытрафной щеуэну кьаlэжьащ. Ар игъэзэщlэну бгъэдыхьащ Майданэ икlи Аргентинэмэ Уэрысеймэ иджыри къэс кьыщыхэмыжаныкlыфа а щlалэр лъэщу зэуа топым Радич пэлъэщакъым.

Джэгум и етlуанэ Іыхьэр ялъэм кьыхэзрыщхьэщыкlыща щыlэкъым - Іэмал зэрагъуэткlэ, лъэныкъуитlри ебгъэрыкlуэрт. Ауэ зи насып нэхъ кьинкlар хьэщlэхэрщ. «Спартак-Налшыкым» и капитан Джудович и щыуагъэр кьигъэсэбэпри, мэзкуудэсхэм текlуныгъэр кьаухэзыхьа топыр Веллитон кьыхтудигъэкlащ.

Куэд мыщlэу бжьыгъэр зэхуэдэ хьужьыфынут. Арщхьэкlэ Гогуа «Спартакым» и гъуэм пэмыжыжьэу ирауда пэтми, судьям игъэкъуэншар ди гъуащхьэхъумэныкъуэрщ, премьер-лигэм хэту «Спартак-Налшыкыр» пенальти еуэн папщlэ зы телъыдж гуэр кьызэрыхъун хуейр иджыри зэ кьыдгуригъаlуэ хуэдэу.

Арати, зэкlэлъхьэужьу ещанэу ди щlалэхэм я хьэрхуэрэгъуэхэр Налшык кьыщытекlуащ.

Зэрыщыту къапщтэмэ хьарзынэу екlуэкlа зэlущlэм гуемыlугъэм и ныбжь трыригъэдзащ мэремым Іуащхьэмахуэ лъагэ кьыщыхьуам: Мэзкуу и «Спартакым» дэщlэхэм ящыщу гупым, замыщlэж жьыхуаlэм хуэдэу ефау, зауэ-банэшхуэ кьагъэхьеящ икlи нэщlэбжьэ кьагъэхуащ. Абы теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым и къыкlэлъыкlуэ кьыдэкlыгъэм теддзэмэщ.

Премьер-лигэм щекlуэкlэ зэхьэзэхуэм къэбгъэзэжмэ, мы гъэм иригъэкlуэкlа еханэ джэгуэгъуэми щытекlуэри, пашэныгъэр нубыдащ Къзэан и **«Рубиным».** Ар **1:0-у** Пермь и **«Амкарым»** ефlэкlащ.

Аргуэру и хьэр хуэрэгъуэхэм топ яхудигъэкlыфакъым **ЦСКА-м**. Абыр**э «Лок омотивымрэ» 0:0-у** зэбгъэдэкlыжащ.

Урысей Федерацэм и премьер-лигэм хэт адрей командхэр мыпхуэдэу зэдэджэгуащ: **«Шинник»** (Ярославль) - **«Химки»** (Химки) - **3:2, «Сатурн»** (Мэзкуу область) - **«Зенит»** (Санкт-Петербург) - **1:1, «Крылья Советов»** (Самарэ) - **«Томь»** (Томск) - **3:0, «Москва»** (Мэзкуу) - **«Динамо»** (Мэзкуу) - **1:1, «Тэрч»** (Грозный) - **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **2:1.**

Кьыкlэтъыкlуэ джэгуагъуэр «Спартак-Налшыкым» Мэзкуу щригъэкlуэкlынущ. Мэлыжьыхьым и 27-м ди щlалэхэр «Локомотивым» Іущlэнуц.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Премьер-лигэм хэтхэр зэрыджэгуам кьрикlуар

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	Фl.	Т.	О.
1. «Рубин»	6	6	0	0	12-2	18
2. «Динамо»	6	4	2	0	11-5	14
3. «Локомотив»	6	4	1	1	8-3	13
4. «Амкар»	6	3	1	2	8-4	10
5. «Крылья Советов»	6	3	1	2	9-6	10
6. «Тэрч»	6	3	0	3	6-10	9
7. «Спартак»	6	2	3	1	10-9	9
8. ЦСКА	6	2	2	2	4-3	8
9. «Томь»	6	2	1	3	5-8	7
10. «Зенит»	6	1	4	1	7-7	7
11. «Спартак-Налшык»	6	2	0	4	5-8	6
12. «Сатурн»	6	1	2	3	5-7	5
13. «Шинник»	6	1	2	3	8-10	5
14. «Луч-Энергия»	6	1	2	3	4-6	5
15. «Москва»	6	0	3	3	5-10	3
16. «Химки»	6	0	2	4	7-17	2

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Зэlущlэ нэужьым

ЧЕРЧЕСОВ Станислав, *«Спартакым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Щыуагъэ гуэрхэри щыпlэщlэкl къохъу

- Джэгуа командитlри сыт и лъэныкъуэкlи текlуныгъэм хущlэкъуащ. Дэтхэнэ зы футболистри и кьаруэ еблъажькым и командэм екъулlэныгъэ кьыхуихьын папщlэ.

- Нобэрей зэlущlэм кьрикlуэну бжьыгъэм, адрейхэм ельытагъуэ, уи дежкlэ мыхьэнэ хэха иlэт?

- Сэ си дежкlи, командэ псом и дежкlи дэтхэнэ зэlущlэри мыхьэнэшхуэ зиlэщ. Едгъэкlуэкlа зэlущlэхэм ди Іэхуэхэр тэмэм дыдэу кьызэрыщlэмыкlам, кьищынэмыщlауэ, очкоих фlэкlа дызэримыlэм арэзы дыкъэшцlыртэкъым.

- «Спартакым» и джэгукlэр дауэ кьыпщыхьуа?

- Щlалэхэр хъарзынэу джэгуащ. Зэзэмызэххэ кьыщыхьуаи щыlэщ щыуагъэ гуэрхэр щытlэщlэкlа.

- Налшыкдэсхэм я командэм текуухуауэ щыlэ?

- «Спартак-Налшыкыр» командэ хъарзынэщ. Илъэс къэси хуэдэу, Красножан Юрэ топджэгу щlалэщlэ Іэзэхэмкlэ командэр игъэлъэщын хузэфlэкlащ.

- Премьер-лигэм щекlуэкlэ зэlущlэхэр щызэпагъэуам и деж футболистыщlэхэр командэм кьыхэзгъэхьэну фи мурад?

- Псом япэрауэ, кьыхыхьагъащlэхэр гупым зэкъэгъэзэгъэным телэжьэн хуейщ. Псори фызэрыщыгъуаззэщи, ар зэман кlэщlкlэ зэфlэкlэ Іуэхугъуэкъым. Кьищынэмыщlауэ, хамэ гуэркэр гупым кьыщыхьхьэм и деж псоми я зэхущытыкlэм зехъуэж.

КРАСНОЖАН Юрэ,

«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:

Дэтхэнэ зыми

- Нобэрей зэlущlэр икъукlэ гъэщlэгъуэну, удэзыхьэхыу щытащ. Иужьрей дакъикъэм нэсыху Іуэхум зэрызихъуэжьнур зыми кьыхуэщlэну тэкъым. Ди хьэрхуэрэгъуэм куэдрэ Іэмал къахъкlуэкlа-къым топ кьытхудагъэкlыну. «Спартак-Налшыкыр» япэ ища иужькlэ бжьыгъэр тхъумэн хуёвщ, арщхьэкlэ дытефлъэкъукlащ. Фlыщlэ яхуэзощ ди командэм кьыдэщlа дэтхэнэ зыми. Дэ кьыдгурорlуэ апхуэдизу кьыддэщlа цlыхуэхэр кьызэрытщыгугъыр.

- **Мэзкуудэсхэр я Іэзагъым и фlыгъэкlэ текlуауэ жьыпlэ хъуну?**

- Пэж дыдэу, Майданэ штрафкlийкlэ дигъэкlа топымкlэ и Іэзагъэр кьигъэлъэгъуащ, ауэ етlуанэ топым Іэкlуэлъэкlуагъэ гуэри хэслъагъэркъым - футболистым техуэу кьэлъеижа топыр гъуэ нэщlым бгъэкlуэну гугъуэкъым.

- Сыт Фелипе джэгуплэ губгъуэм кьыщlимыхьар?

- Стадионыр кьызэрагъэнэху уэздыгъэхэр и нэм еэзгъыркъым.

- ЦСКА-м текlуэныгъэ кьыфlэфхьа нэужь, командэм и гукъыдэжыр нэхъ лъагэ хъуауэ, яныкъуэ футболистхэми «Спартак-Налшык» топ зыбжанэ худагъэкlыну дыкъагъэгугъат.

- Пэж дыдэу, командэм и гукъыдэжьм зыкъыlэтат, ауэ топ дэзыгъэкlыну фыкъэзыгъэгъахэм я псальэр ягъэпэжьын хуеящ.

- Мэзкуу и «Локомотивым» девгъэкlуэкlыну зэlущlэм фыкуэхьэзыр?

- Зэlущlэ хьэлъэ кьыппэщlыпщ. Сыт хуэдэ зэlущlэми хуэдэу, иджыри текlуныгъэм дыхущlэкъунущ.

Зытхыжар

МЭЗКУУ Кьанщобийщ.

Щlалэгъуалэ зэпеуэ

Ебгъэрыкlуэныгъэ псыхэкlуадэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Спартак» (Мэзкуу) - 1:3 (0:0). Мэлыжьыхьым и 18-м, Нарткъалэ. «Химик» стадион. Щыхуэ 1000 еплъащ.

Судьяр Гукасов (Армавир).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн Аз., Щоджэн Асс., Васин, Шумейкэ (Балькъэр, 62), Собгыр, Дышэкl (Шэру, 72), Эрум, Степанов, Бикмаев (Балэ, 46), Гъэщlокъуэ (Ащхьуэт, 76), Фелипе (Калимулин, 46).

«Спартак»: Комиссаров, Кадеев, Дедуров (Зогов, 90), Гультяев, Малякэ, Макеев, Лугачев (Советкин, 78), Андреев (Рыжков, 36), Бажэ, Павлюченкэ (Яковлев, 88), Малоян.

Топхэр дагьэкlащ: Шумейкэ, 52 (1:0). Рыжков, 63 (1:1). Лугачев, 71 (1:2). Павлюченкэ, 76 (1:3).

Дагьуэ кьыхуащlащ: Фелипе, Малякэ.

НЭГъАБЭ «Спартакитlым» я щlалэгъуалэ командэхэм ирагъэкlуэкlа зэlущlэм хэт нэхъ лъэщым щыlэхэкlаэу щытакъым - ахэр зэрытемыгъэкlуауэ зэбгъэдэкlыжащ.

Унэм щыджэгуу мы гъэм зыри зытемыкlуа налшыкдэсхэм я щlалэгъуалэ командэм жьыджэру зэlущlэм щlидзащ. Апхуэдэу етlуанэ дакъикъэм бжьыгъэр кьызэlуихыну Фелипе Іэмал хьарзынэ кьыужь уэкlат; арщхьэкlэ ар зэуа топым хьэщlэхэм я гъащlэхэтет Комиссаровым кьригъэзэщlащ.

Мэзкуудэсхэм яхэту а махуэм кьыптпэщlэтащ ди лъэпкъэгъу Бажэ Амир. Кьыхэдгъэщынщи, Бажэм Іэмал зыбжанэ иlащ ди гъэм топ кьыдигъэкlыну.

Джэгум и етlуанэ Іыхьэм зэрыщlадзэжрэ дакъикъэ зыбжанэ фlэкlа дэмыкlауэ, налшыкдэсхэм я ебгъэрыкlуэныгъэхэм ящыщ зым ехьулlэныгъэ кьахуихьащ - Балэм кьрита топым Шумейкэ щхьэкlэ Іэзэу еуащ икlи бжьыгъэр кьызэlуихащ - 1:0.

Япэ ища ди щlалэхэр кьэувыlэн мурад яlэтэкъым. Хьэщlэхэри я хьэрхуэрэгъуэхэм щыуагъэ яlэщlэкlыу ар кьагъэсэбэпынкъым щыпгъыр т. Мэзкуудэс хэр абы куэдрэ гъэпльакъым - «Спартак-Налшыкым» и гъащlхьэхъумэхэм яlэщlэкlа Рыжков лъэщу зэуа топым Щоджэн Аз.эмэт кьыхуегъэгъэзэкъым - 1:1.

Етlуанэ топми хьэщlэхэр куэдрэ гугъу дехьакъым. Дакъикъипщlнэ нэхъ дэмыкlыу Лугачев кьыхуукlуэкlа Іэмалыр фlы дыдэу кьригъэсэбэпащ икlи «Спартакыр» япэ иригъэщащ. Налшыкдэсхэм бжьыгъэр зэхуэдэ зэращlыжьным хущlэкъур т, футбол листхэм я нэхъыбэр хьэщlэхэм я лъэныкъуэмкlэ щыпт, арщхьэкlэ я бгъэрыкlуэныгъэхэр псыхэкlуадэт.

Адэкlэ щыгъуазэ фыхуэтщlынщ адрей командэхэм я зэlущlэхэм кьарикlуахэм: «Шинник» (Ярославль) - «Химки» (Химки) - 1:1, «Сатурн» (Мэзкуу область) - «Зенит» (Санкт-Петербург) - 1:0, «Крылья Советов» (Самарэ) - «Томь» (Томск) - 3:2, «Москва» (Мэзкуу) - «Динамо» (Мэзкуу) - 3:0, «Тэрч» (Грозный) - «Луч-Энергия» (Владивосток тоф) - 0:1, ЦСКА (Мэзкуу) -«Лок омотив» (Мэзкуу) - 1:1, «Рубин» (Кьэзан) - «Амкар» (Пермь) - 0:0.

КЪЖЪУНБэч.

● Хъуэхъу

Дзэлыкъуэ районым хьхьэ Сэрмакъ къуажэм щыщ Мыку Щlэлэуат Мусэ и къуэр къыщlатьхуа махуэщи, сохъуэхъу

Щlэлэуат, зи гур зэlуха, зи псэр къабзэ щlыху хьэлэлу дунейм утетщи, абы и сэбэп кьокlыну, уи жьэгур уардэунэу, хьэщlэ етlысэхъыпlэрэ ynaпlэ махуэу, уи щlалитlым урауцикlуэрэ урагъуэгуэгъэнъуэу, уи щхьэгъэуэн кьыпкъуэту Тхъэм унгъэпсэу. Экlуэ щlэрыlуэ Бемырзэ Мухьэдин «Адыгэ упсэным кьикlыр зыщ - Уадыгэну кьыпкъуэкlынырщ lыгъэ» и сатырхэм щlэтъ купщlэм уращапхъэу дунейм гу щыпхуэну сынохьуэхъу.

Уи къуэш Чэтбий Валерэ.

● Тхылъыщlэхэр

Химие щlэныгъэхэм заубгъу

Иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ «Эль-Фа» тхылъ тедзапlэмрэ зэгъусэу кьыдагъэкlащ химие щlэныгъэм ди республикэм зэрызыщыгъэжьам теухуа тхылъ хьарзынэ. Ар я Іэдакъэщlэкlащ университетым и профессор Шурдым Гъэзэ дзирэ доцент Бузд Къэралбийрэ.

ТХЫЛЪЫМ щыгъуазэ дыхуеущ химие факультетыр кьызэрыхъуам, абы и лъэжьакlуэхэм я зэфlэкlым, щlэныгъэлl зыбжанэм (Вэрыкьуэ Гъузер, Къарэ Зырамыку, Къзэанщ Александр, Тембот Баширэ, Багъ Иберхьим, Хьэкlуэн Тамарэ, Мэкlэтlей Абдулыхь, нэгъуэщlхэми) зыlэрагъэхьэ екъулlэныгъэхэм.

Гъэзэпийрэ Къэралбийрэ я тхылъ купщlафlэм Іупщу кьыщагъэлъэгъу эфащ химие щlэныгъэм и лъагапlэхэм нэсыну къэрал куэдым щlэрыlуэ щыхьуну ди хэкуэгъуэху зыкъомым кьаузэрехъулlар, мы зэманым факультетым и егъэджакlуэхэм я Іуэхущlафэхэр, зыхуагъэувыж кьалэнхэр.

Мыри гу зылъытапхъэщ: тхылъыр екlуу гъэщlэрэщlа хуэащ сурэт зэмылlэужьыгъуэхэмкlэ.

БАЛЪКЪЭР Тыгъ уэн.

«Гугъапlэ»

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапlэм кьыщыдэкlащ Бэлагъы Іюбэ и уэс тхылъ.

БЭЛАГЪЫМ и 8-нэ тхылъым ихуа уэсхэм кьызэщlаубыдащ гурыщlэ къабзэм, дыкъэзыухуэрехь дунейм, илъэс 15-м нэсауэ зыпlэлъщlэ и гъаxэм кьызэрыхуэзэшым теухуахэр. Апхуэдэхэщ «Адыгэ гимн», «Зэш», «1864 гъэ», «Адыгэ нанэ», «Си лъахэ», «Лермонтов», «Кьыщокъуэ Алим» зыфlища уэсхэр. Тхылъым и етlуанэ Іыхьэм итщ Іюбэ и гъащlэм лъэужь кьыхуэзына, гурэ псэкlэ фlыуэ и лъагагъу щlыхуэхэм яхунуса уэсхэр. Уэс тхылъыр егугъу ягъащlэрэщlащ адыгэ лъэпкъ тхыпхъэхэмкlэ, сурэтхэмкlэ. Ящlапэкlуэдым итщ «Гугъапlэ» дахэхэр кьызыбгъэдэкlуэсакlуэм и сурэтымрэ и лэжьыгъэмрэ теухуа тхыгъэ.

ШЭРЭЗДЖ Дисэ.

●КъБР-м и МВД-м къет

Хэт плъырхэм къеуэр?

Мэлыжьыхьым и 20-м сыхьэтыр 1-м дакъикъ 20-кlэ ежьауэ «Налшык - Къэшкъэтау» автомобиль къуэгум, мэзыдж льэныкъуэмкlэ къикlыу гранатдзкlэ плlэнейр къеуащ «Хьэсэней-2» милиц плъыр постым.

ПЛЪЫР гупым псынщlэу жэуап иратыжри щlэпхъаджащlэхэр кьызэтрагъэувыlащ. Хабзэхъумэхэми граждан цlыхуэхэм лей ятекъакьым.

Къэрал кlуэцlІуэхуэхэмкlэ министру КъБР-м щыlэм и унафэкlэ, «Вулкан-5» лъэкьыгъэм щlадзащ. Бзаджащlэхэр хэтми убзыхуным икlи убыдыным теухуа лъэкьыгъэхэр ирагъэкlуэкl.

Кьагъуэтащ икlи шынагъэщlэщlащ тротил килограмм 18-м хуэкlуэ кьагъауэ Іэмэпсымэ Іэрыщlыр. Зэраубзыхуамкlэ, ар кьыщагъэуну я мурадащ Хьэсэней жылагъуэм и псэупlэ хьэблэм.

ЩlыпIэм щолажьэ КъБР-м щыlэМВД-м, УФ-мИФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыlэм, УФ-м и Прокуратурэм Іуэхуэхэр зэхэзыгъэкlи Комитетым и управленэу КъБР-м щыlэм я гупхэр.

Іэщlкlэ зызэщlэзыузэда гупым хэтхэм шынагъуэ кьызэратым, псом япэу ар щыху мамырхэм зэрахъуэгъэзам кьызэкlыу, республикэм и хабзэхьумэ органхэм лъэIукlэ зыкъыфхуагъаз террорист хьэтъэщlагъэхэр зыгъэхьэзыр щlэпхъаджащlэхэм ятеухуауэ фызыщlагъуазэмкlэ фадэгъэщlэну.

Хьыбарыр кьызыбгъэдэкlыр хэтми хэщlыщlыу ящlынукъым икlи ахьщэ хъарзынэ яратынущ.

Фыздэпсэльэну телефонхэр:

КъБР-м щыlэм МВД-м - 02, 40-49-10, дзыхь зрагъэз телефоныр - 49-50-62;

Налшык къалэ УВД-м - 74-07-33;

УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыlэ - 47-15-16;

УФ-м и Прокуратурэм Іуэхуэхэр зэхэзыгъэкlи Комитетым и управленэу КъБР-м щыlэм - 47-60-18.

Хьэлэбэлыкъым къикlар

Мэлыжьыхьым и 19-м сыхьэтыр 1-рэ дакъикъэ 12-м КъБР-м и Іуащхьэмахуэ районым хьхьэ Терскол жыларгъэм къаугъэ кьышlэтащ «Спартак-Налшыкымрэ» Мэзкуу и «Спартакымрэ» я футбол зэIуущlэм ельытыну къэкlуа. Мэзкуу командэм кьыдэщlхэм. Ахэр тэфу яхъэзэуъащ а щlыпIэм щыпсэухэм. Хьэлэбэлыкъым щыпсэу 30-м нэблагъэ хэща хъуащ. Ар зэхэзыублахэм яубэрэжьащ хьэщlэщым и унафэщlыр.

ІУАЩХЪЭМАХУЭ муниципальнэ районым щыlэ ОВД-м и лэжьакlуэхэм къаугъэр псынщlэу кьызэтрагъэувыlащ. Зэхэуахэм хэтэ гуэрхэр фэбжь ятельу сымаджэщым яшащ, хэти яп медицинэ дэIэпыкъуныгъэ ягъуэта нужь, сымаджэщым кlуэн ядакъым.

Уголовнэ Іуэху кlэтащ, ар зэрызэхагъэкlыр КъБР-м щыlэ МВД-м и унафэщlхэм я нэIэ щIагъэуващ.

Къэрал кlуэцlІуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыlэм и пресс-Іуэхущlапlэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖЬэкlымыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаес Маритэ, Льостэн Муэ, Шыбжьэ Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ЭЖЩlАПlЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щlэкlэ щыlэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешщlэн я кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 47-22-63, 42-57-59; щlэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущlапlэхэм я лэжьакlуэмкlэ - 42-60-53; хьыбарыщlэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеим - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущlапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыкъа бжьыгъэхэм, кьыщlэтэ Іуэхугъуэхэм я пжагъымкlэ ахэр зытхахэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкlэр зэтехуэ зэныту щытекlым.

Газетыр Іэ тезыдлахэм яхуэдэныгъэ и пщэ дэлэн КъБР-м федеральнэ пощт зэпщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпкъмкlэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щlэту яхэлащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокlэ.

КъБР-м Щыхабзэмрэ хьыбарегъащlэ ЕнатIэхэмкlэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и щlэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и щlэкlэ щыlэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкlыгъуэм елъытыхьэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къашокъуэ Эллэ, редактору Ширдий Маринэ, корректорхэр Щоджэн Инэ *(1,2-нэ нап.)*, Табищ Динарэ *(3,4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъуэ Иуан Заирэ. *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящlащ:*** **Ныр Саидэ, Щакlуэ Мадинэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтыщlэ* Бицу Жаннэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.008 ● Заказ №1353